ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1934 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№173 (23.331) ● 2016 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Япэ зэІущІэр екІуэкІащ

Бжьыхьэ сессием хиубыдэу КъБР-м и Парламентым и Президиумым и япэ зэІущІэр къыщыІэзэІуихым Егоровэ Татьянэ лэжьыгъэм зэрыщІадзэжамкІэ депутатхэм ехъуэхъуащ икІи законхэр гъэхьэзырыныкІэ кьалэщыт Іуэхущхьэхуэкіащ спикерым.

ЕГОРОВЭ Татьянэ 2000 гъэм екІуэкІа Олимп джэгухэм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ чемпион щыхъуа, КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ Кьардэн Мурат хэхауэ ехъуэхъуащ абы «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр къыІэрэратам къыхэкІыу.

ЗэІущІэм депутатхэм Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 30-м нэсым щыхэпльащ. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ІэшІагъэмкІ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законопроектым. Федеральнэ законодательствэм ипкъ иткІэ дэтхэнэ зэзыгъэкІуэ судыщІэми нэхъыбэ дыдэу хуэзэн хуейр цыху мин 23-рэщ. Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Тэрч районхэм апхуэдэ мардэм цІыхухэр зэрыщыщІигъум кьыхэкІыу законопроектым кьеГъэув Бахъсэн район судым щыІэ суд участкэхэм тІу, Дзэлыкъуэ район судым щыІэ суд участкэхэм зы, Тэрч районым щыІэ суд участкэхэм зы щІагъуну.

«Унагъуэ хуэмыщІауэ, хуэмыщІауэ псэу щхьэзакъуэ цІыхуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыратым и Іуэхукіэ» КъБР-м и законым и проектыр зэІущІэм къыщыхилъхьащ Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ, узынщагъэр хъумэнымкІэ комитетым и унафэщІ Кьэжэр Хьусен. Законым и проектым зэритымкІэ, унагъуэ хуэмыщІахэм, хуэмыщІауэ псэу цІыху щхьэзакъуэхэм ящыщу мафІэсым зи мылъкур хэкІуэдахэм, апхуэдэу сымаджэ зэрыхъуам кьыхэкІыу уасэшхуэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ зратахэм е хущхъуэ льапІэхэр кьэзыщэхун хуей хъуахэм къэралым и социальнэ дэІэпыкъуныгъэр хэгъэхъуэуэ иратын хуейщ. Апхуэдэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэу цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зы мазэм зыхуейм хуэдэу щым щІимыгъу, дэтхэнэми кьиГъэсэбэпа (пфІэкІуэда мылькум) ахъшэм нэхърэ мынэхъыбэ ират хъунущ.

Апхуэдэу зэІущІэм щыхэпльащ «Урысей Федерацэм хъэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ зыщеГъэужьыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым зэхъуэкІныгъэхэмрэ дэщІыгъуэныгъэхэмрэ хэлъхьэным теухуауэ», «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэр кьиззрыщІызэгъэпэщам и Іуэхукіэ» федеральнэ законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Ветеранхэм я Іуэхукіэ» федеральнэ законым зэхъуэкІныгъэ хэлъхьэным теухуауэ», нэгъуэщІ федеральнэ закон зыбжанэми я проектхэр къаззрыщыхьуам теухуауэ къагъэхьахэм.

Апхуэдэу Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ УФ-м и субъект щхьэхуэхэм я парламентархэм законхэр къэщтэным теухуауэ къагъэхьа жэрдэмхэм.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм унафэ кьыщащтащ «Рус-Гидро» зэгухьэныгъэм и Іуэхущапіэу КъБР-м щыІэм и инженер нэхъыщхьэм техникэ Іуэхухэмкіэ и Іуэхудзэ Іэшэ Резуан республикэм и Парламентым и Щ1ыхь тхьылъэр етыным теухуауэ.

ЗэІущІэм нэгъуэщІ Іуэху зыбжанэм щыхэпльащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Фэеплъ пэкІу

Терроризмэм ебэныныкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуа Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр Іуащхьэмахуэ районым и жылагъуэхэм щрагъэкІуэкІыу щІадзащ фокІадэм и 3-м и пщэджыжьым.

ТЫРНЫАУЗ къалэм и Фэеплъ утым къыщызэрагъэпэща щыгъуэу пэкІум хэтащ предприятэхэм, организацэхэм, Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр, еджакІуэхэр, Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм, Урысейм и МВД-м и кьудамэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэм, Урысеймі ЩынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и ГъунапкІэхъыбэ управленэу КъБР-м щыІэм и район Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр.

ЩІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Казым пэкІур къыщыдэкІуэкІыным кьыхэгъэщхьэхуэкІащ дунейпсо терроризмэр иджыпсту къэралхэр зыжьэхэуа шынагъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэрыщІыщ. ПэкІум апхуэдэу къыщыпсэпльащ Урысейм и МВД-м и Іуэхущ1апІэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэм и унафэщІ Боттаев Муслъим, район администрацэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэныкІэ и Іэщ1агъэлІ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Энеев Махмут сымэ.

Пэкіум и кІэухым къыдэхуэсахэр терроризмэм я1эщІэкІуэдахэм зы дакьикъэкІэ яхуэщыгъуащ икІи фочауэ макъым щІэту удз гъэГъаxэр тралъхьащ зи кьалэныр зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэ лэжьакІуэхэм я фэеплъ сыным.

Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм физкультурэмрэ спортымкІэ и комитетым и лэжьакІуэхэм а махуэм къыдэзрагъэпэщащ волейболымкІэ зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

А махуэм районым и жылагъуэ псоми щэнхабзэмкІэ я унэхэм, апхуэдэу кьуажэ, щ1ол библиотекэхэм щекІуэкІащ терроризмэм пэщІэтыным теухуа Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр.

ТАРИМ Алисэ.

● Шэджэм щІыналъэ

ХэкІуэдахэр ягу къагъэкІыж

Шэджэм районым и цІыхухэм, организацэхэм я лэжьакІуэхэм, еджакІуэхэм, къуажэдэсхэм, властым и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм, жылагъуэ, щІалэгъуэалэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм фокІадэм и 3-м ягу къагъэкІыжащ террористхэм я зэранкІэ къэхъуа гуэзвэгъуэхэмрэ абыхэм лажьэншэу хэкІуэда цІыхухэмрэ.

ФЭЕПЛЪ пэкІум кърихьэлІащ Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Текіуэ Артур, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ советым и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсанш, Урысейм и МВД-м и Іуэхущ1апІэу Шэджэм районым щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ Сонэ Инус сымэ.

- Терроризмэм дыпэщІэтыныкІэ, а щІэпхъаджагъэм земыгъэубгъунымкІэ дэ псоми ди мурадхэр зэтохуэ. Терроризмэр иджырей зэманым ялэжь Іуэху нэхъ гущІэгъуншагъэ дыдэщ, дунейпсо щынагъуншагъэр кьызэпиудыну хущІэкъу кьаруущ. Нобэ, Терроризмэм ебэныныкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм, дэ кьарууэ диІэр зэдгъэуІун хуейщ а щынагъуэр дгъэкІуэдын папщІэ. ЗэфІэкІыу щыІэ псори ехьэлІэн хуейщ терроризмэм и идеологиер пцІы зэфэзэщу зэрызэхэтыр цІыхухэм ягурыгъэІуэныным. Дызэкъуэту дызэдэлажьэмэщ апхуэдэ мурадхэр къыщыдгъэхуІэнэр, республикэм, зэрыщыту Урысейм щыпсэухэр а уэзыфэ шынагъуэм къыщедгъэлыфынр, - щыжиІащ пэкІум щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ советым и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсанш.

Терроризмэм и бий бэнэныгъэм я кьарур хуэзащІагъэуІуэну псори къыхураджащ Урысейм и МВД-м и Іуэхущ1апІэу Шэджэм районым щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ Сонэ Инус, Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ управленэм и унафэщІ Іэрыпщ Жаннэ сымэ.

Пэкіум и кІэухым абы хэтахэр зы дакьикъэкІэ яхуэщыгъуащ террористхэм я1эщІэкІуэда цІыху лажьэншэхэмрэ хабзэхъумэхэмрэ.

Фэеплъ махуэм хиубыдэу Шэджэм район спорт зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыхэрагъэпэщащ, мини-футболымкІэ, волейболымкІэ турнирхэр екІуэкІащ.

КІАРЭ Элинэ.

● Узыншагъэ

Гу-лъынтхуэ узыфэхэм илІыкІхэр нэхъ мащІэ мэхъу

«2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм гу-лъынтхуэ узыфэхэм илІыкІхэм я бжыгъэр процент 12-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ.

Ар дызыхуэкІуэн хуейуэ къагъэлъэгъуа бжыгъэм - процент 11,2-м - нэхърэ нэхъыфІщ. Гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ федеральнэ программэр хъарзынэу зэрыдгъэзэщІам и фІыгъэкІэ илъэсищым кьриубыдэу а узыфэм илІыкІхэм я бжыгъэр процентэ 10,6-кІэ кьедгъэхьи тхузэфІэкІащ. 2012 гъэм ар цІыху мини 100-м хуэзэу 545,4-рэ хъууэ щытамэ, 2015 гъэм 487,5-м нэсащ (УФ-м 635,3-рэ). Гу-лъынтхуэ узыфэхэр нэхъыбэу кьэзыщэр тутын ефэныщ, лъы дзуейрщ, гиподинамиерщ, ерыскъы тэмэм зэрамышхыщ», - щыжиІащ КъБР-м узынщагъэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Асанов Алим «накъыгъэ унафэхэр» гъэзэщІэныкІэ ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт гупым и зэІущІэм.

Зи узыр хэтІэса сымаджэхэм зэрелІэзэну фІагъ лъагэ зиІэ иджырей технологие Іэмалхэр дохутыр-хэм я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп тхьылъымпІэ щытамэ, 2015 гъэм 487,5-м нэсащ (УФ-м 635,3-рэ). Гу-лъынтхуэ узыфэхэр нэхъыбэу тутын ефэныщ, лъы дзуейрщ, гиподинамиерщ, ерыскъы тэмэм зэрамышхыщ», - щыжиІащ КъБР-м узынщагъэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Асанов Алим «накъыгъэ унафэхэр» гъэзэщІэныкІэ ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт гупым и зэІущІэм.

Зи узыр хэтІэса сымаджэхэм зэрелІэзэну фІагъ лъагэ зиІэ иджырей технологие Іэмалхэр дохутырхэм я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп тхьылъымпІэ ашыкхэмрэ тарэхэмрэ лІэужьыгъуэ куэду икІи зыхуей хуэзэпауэ ягъэхьэзырыну.

«Эрпак»-р зы мазэм кьриубыдэу тхьылъымпІэжьу тонн 1200-м йолэжь икІи ди щІыналъэм и щІыуэпс кьабзагъэр зыхъумэ мэзхэмрэ абы щІэт жыгхэмрэ тхуэм мэхъу. Мыбы и продукцэхэм щІэупщІэшхуэ яІэу щащэку ди гъунэгъу республикэхэм я мызакъуэу, Урысейм и щІыналъэ щхьэхуэхэм. Быдагъэр фІагъэр зыбгъэдэлъ тарэ щхьэжькІэпльыкІэхэм дыщрохьэлІэ гъэшхэкІым щелажь комбинатэхэм, пхъэщхьэмыщхь-хадзэкІ щапІэхэм, Іэфі1ыкІэ кьыщІэзэгъэкІ фабрикэхэм.

ЗАО-м лэжьапІэ Іэнатіэ щагъэтащ цІыхуи 150-м. Зи кьалэныкмрэ лэжьыгъэмрэ фІыуэ хэзыщыкІ Іэщ1агъэлІхэм я фІыгъэкІэ Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэр и пэкІэ кІуатэ зэпытщ икІи сыткІи хущІокъу хамэ къэралхэм кьраш продукцэхэм я пІэм иувэн зэрагъэхьэзырыным.

ЛЪОСТЭН Муэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

ФІы и фІыжхэм хабжэ

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

● Аруан щІыналъэ

Гъуэгухэр зыхуей хуагъазэ

Джэрмэнщык и уэрам нэхъыщхьэхэр зыхуей хуагъэзащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и адрей щІыпІэхэми хуэдэу, мыбы и кьуажэ кІуэщІ гъуэгухэм ягъуэт сэкъат цІыкІуфэкІыхэр щІэх-щІэхыурэ ягъэзэкІуэж. Арщхьэкіэ зэманышхуэ дэмыкІыу кумблІэмбжэр щІэрыщІэу къоунэхуж. Абы гугъу ирегъэхь транспорт зезыхуэхэри, лъэсырызекІуэкІри.

Гъуэгуэр нэгъэсауэ кьэгъэщІэрэщІэжьныкІэ кьуажэм кьыдэІэпыкъуащ щІыпІэ администрацэр, хьэрычэтщІакІуэхэр, бэдзэнэдырылажьэхэр.

Километри 3 зи кІыхьагъ гъуэгур зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. КумблІэмбэхэм ягъэсеиным текІуэдащ асфальту тонн 80.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Капитал-Инвест» чырбыш заводым и зэфІэкІхэм хегъахъуэ.

ИДЖЫРЕЙ автоматикэ Іэмэпсымэхэмкіэ нэгъэсауэ я кьиззрЫэпэща ООО-м Италием и щапхъэ нэхъыфІхэм тету и лэжьыгъэр кьрекьэлІэ. Мыбы зы илъэсым хуэзэу кьыщІегъэкІ керамикэ чырбышу мелуани 100-м нэблагъэ. Продукцэр фІы и фІыжхэм хабжэ. Абы кьыхэкІыу Урысейм и щІыналъэ куэдым зэгурыІуэныгъэкІэ ядолажьэ. Хьэуар хуиту зыпхыкІ чырбыш псынщІагъуэ дахэхэр иужьрей илъэсхэм куэду кьыщагъэсэбэп ди республикэм щаухуэ фэтэр зэтетхэми.

УнафэщІхэм щыгъуазэ дызэращІамкІэ, чырбышыр кьызыхащІыкІ яТІагъуэр кьыщыщІах карьерыр заводым зэрыпэжьыжьэр метр 500 кьудейщ. Абы Іуэхур сыткІи кьащегъэсэбэп хъуащ. Ящэ илъэс ныкъуэм инфаркт яІэу цІыху 1564-рэ, щхьэ куэцІым щызэкІуэ лъыр тэмэму зэрымылажьэм кьыхэкІыу 1667-рэ сымаджэщхэм щІагъэгъуэлъэхьащ. Кьэхутэныгъэ мин 11 ирагъэкІуэкІащ, абыхэм кьыщагъэсэбэпащ цереблральнэ ангиографиер, коронароангиографиер. Гум, абы кьекІуалІэ лъынтхуэхэр фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ технологиехэр кьагъэсэбэпурэ гум, абы екІуалІэ лъынтхуэхэм ехьэлІауэ операцэу 529-рэ ящащ, тромболизис Іэмалымкіэ инфаркт, инсульт зиІэ сымаджэ 75-м еІэзащ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

НОБЭ

♦Болгариер щызэгухьэжа махуэщ. 1885 гъэм Болгарием гухьэжащ КъуэкІыпІэ Румелие щІыналъэр.

♦1872 гъэм Берлин щызэІущІащ императориц: Вильгельм Езанэр (Германие), Франц Иосиф Езанэр (Австро-Венгриие), Александр ЕтІуанэр (Урысей).

♦1936 гъэм «СССР-м и цІыхубэ артист» щІэ лъапІэр ягъэуващ. Ялп дыдэу ар зыфІащахэм ящыщщ Немирович-Данченкэ Владимир, Станиславский Константин, Качалов Василий, Москвин Иван, Неждановэ Антонинэ, Шаляпин Фёдор сымэ. СССР-м и тхыдэм щыиужьрейуэ, 1991 гъэм а цІэр хуагъэфэщауэ щытащ Пугачёвэ Аллэрэ Янковский Олегрэ.

♦1939 гъэм Налшык щыгъэжапІэ кьыщызэІуахащ.

♦1940 гъэм СССР-м Къэрал кІэлъыплъныгъэмкІэ и цІыхубэ комиссариатыр кьызэрагъэпэщащ.

♦1942 гъэм ВЛКСМ-м и обкомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэр кьыхуриджащ нэмыцэфашист зэрыпхъакІуэхэм яІэкІ псомкІи ягъуэвэну.

♦1956 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьищтащ Сталиным и цІэр зезыхьэ саугьэтхэр Лениным и цІэр зезыхьэ дунейпсо саугьэтхэм зэхъуэкІныным теухуауэ.

♦1991 гъэм РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьищтащ Ленинград кьалэм и цІэр Санкт-Петербургыу зэхъуэкІыжьным теухуауэ.

♦1991 гъэм СССР-м и Къэрал Советым кьищтащ Эстониие, Латвие, Литва республикэхэр щхьэхуит зэрыхъум теухуа унафэ.

♦2001 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкІуащ.

♦Урысей пащтыхь, Пётр Езанэм и къуэш **Иван V** кьызэралъхуэр илъэс 350-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, композитор, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Светланов Евгений** кьызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Литвам щыщ актёр щІэрыІуэ, а къэралым и цІыхубэ артист **Будрайтис Юозас** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Президентым экономикэ Іуэхухэмкіэ и дэІэпыкъуэгъуу, къэралым финансхэмкІэ и министру, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу щыта **Лившиц Александр** кьызэралъхуэр илъэс 70 ирокъу.

♦КъБР-м щІэныгъэ Іуэхухэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щэрдан Анатолий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 15 -17 щыхьынущ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

УмыщІэм ущІэупщІэныр емыкІукъым.

● Промышленность

ИпэкІэ маплъэ

Ди республикэм лъэ быдэкІэ щыува предприятэхэм ящыщщ «Эрпак» ЗАО-р.

МЫ ЗЭМАНЫМ щІэупщІэшхуэ зиІэ гофрокартон, гофротарэ пкъыгъуэхэр дунейпсо мардэхэм тету зыгъэхьэзыр заводыр Китайм, Швейцарием, Италием щащІа Іэмэпсымэ нэхъыфІхэмкІэ кьызэгъэпэщащ. Абы Іэмал къарет мэкъумэш хозяйствэмрэ, промышленнэ Іэнатіэхэмрэ кьыщагъэсэбэп тхьылъымпІэ

«Эрпак»-р зы мазэм кьриубыдэу тхьылъымпІэжьу тонн 1200-м йолэжь икІи ди щІыналъэм и щІыуэпс кьабзагъэр зыхъумэ мэзхэмрэ абы щІэт жыгхэмрэ хуэм мэхъу. Мыбы и продукцэхэм щІэупщІэшхуэ яІэу щащэку ди гъунэгъу республикэхэм я мызакъуэу, Урысейм и щІыналъэ щхьэхуэхэм. Быдагъэр фІагъэр зыбгъэдэлъ тарэ щхьэжькІэпльыкІэхэм дыщрохьэлІэ гъэшхэкІым щелажь комбинатэхэм, пхъэщхьэмыщхь-хадзэкІ щапІэхэм, Іэфі1ыкІэ кьыщІэзэгъэкІ фабрикэхэм.

ЗАО-м лэжьапІэ Іэнатіэ щагъэтащ цІыхуи 150-м. Зи кьалэныкмрэ лэжьыгъэмрэ фІыуэ хэзыщыкІ Іэщ1агъэлІхэм я фІыгъэкІэ Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэр и пэкІэ кІуатэ зэпытщ икІи сыткІи хущІокъу хамэ къэралхэм кьраш продукцэхэм я пІэм иувэн зэрагъэхьэзырыным.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІагъуэкІэ цІыхухэр щІэупсу ящІ телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Махуэшхуэ гукъинэж

ФокІадэм и 1-м республикэм и къалащхьэм Іэтауэ щагъэлъэпІащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр илъэс 95-рэ зэрырикъур. Налшык щыпсэухэмрэ абы и къэщІэхэмрэ нэгуэшуэкІ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым хэтащ. Апхуэдэхэт Къэбардей уэрамым щыщу лъэс зекІуапІэу зэрагъэпэщыжа Іыхьэр, Абхъазым и утым щагъэува лъэпкъ пщІантІэхэм я еплъыныгъэхэр, шыгъажэр, махуэшхуэ концертхэр, нэгъуэщІхэри. Къалэм щыхуэуз щыпсэухэзекІуэрт. Ар и щыхьэтщ а махуэр щІэщыгъуэу икІи купщІафІэу къыпсэлъэпэщэ зэрыхъуэам.

МАХУЭЩХУЭМ и зэфІэкІ щигъэлъэгъуащ Бахъсэн къалэми. Абхъазым и утым щагъэува лъэпкъ пщІантІэр нартэхэр я лъэхъэнэм ухихьэжу щІэщыгъуэу гъэщІэрэщІат. Абдежьым утыку къыщрахьащ гъущІым, пхъэм къыхэщІыкІа хьэпшып гъэщІэгъэнэхэр, адыгэ фащэхэр, хэдыкІ тельыджэхэр, Шопарэ Алан зэхуихьэсыжа пасэрей макъамэ Іэмэпсымэхэр, УФ-м и сурэтыщІхэм я зэгухэныгъэм хэт Хэжь Алик и сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъи къыздэрагъэпэщащ. Лъэпкъ шхыныгъуэхэр гъэхьэзырыныкІэ дэІэпыкъуэгъу хуащ Пщыхьэщ Анжелэ зи унафэщІ Сабий творчествэмкІэ центрыр.

Бахъсэн къалэм и лъэпкъ пщІантІэм хъэщІэхэр гуапэу щрагъэблагъащ щІыпІэ администрацэм и унафэщІ Мамхэрэ Хьэчимрэ абы и къэздзэхэмрэ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФШІ-м щыІэ Белавенцев Олегрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ яфІэгъэкІэм тету япщэфІа лыр.

«Джэгуакіуэ», «Бахъсэн ауэ» ансамблхэм я фІыгъэкІэ районым и лъэпкъ пщІантІэм къыдэІукІ макъамэр махуэ псом зэпыуакъым.

БАЛЪКЪЫЗ Аннэ,
Бахъсэн къалэ администрацэм и пресс-Іэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

●КъБР-м и Правительствэм

Гулъытэ хэха хуащІ

Республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий и тхьэмадэу КъБР-м и Правительствэм Гъэзэгум щыналъхьуэ къыщІымыгъэхъуныкІэ и комиссэм и зэІущІэ екІуэкІащ.

ГЪУЭГУ бэІутІэІуэхэм сабийхэм фэбжь щамыгъуэтыныр къыщІэнэщІ. Къэрал автоинспекцэм и унэтІыныгъэ нэхъыщІэхэм зэращІыщыр. Илъэс ещанэ хъуауэ гъэзэгу насыпыншагъэхэм хэкІуадэ, фэбжь хэзых сабийхэр нэхъ мащІэ хъуащ къагъэсэбэп Іэмалхэм я фІыгъэкІэ. Гъэзэгу къэхъукъащІэхэри процент 11-кІэ ехащ. Абыхэм фэбжь щагъуэтащ сабий 37-м икІи ар нэгъабэ елъытауэ нэхъ мащІэщ. Мы гъэм и ялэ илъэс ныкъуэм сабий зыхэкІуада гъэзэгу насыпыншагъитІ къэхъуащ. ГъэуиТІри къыщыхъуар Бахъсэн щІыналъэрщ. Езы цІыкІуэм я мысакъыныгъэм къыхэкІыу сабийхэр зыхэт гъэзэгу бэІутІэІуэхэр процент 36,8-кІэ ехащ. ЗэІущІэм къыщыхальхьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министерствэм щІэрыпІэ щащІат, зи сабэп хэлъ федеральнэ гъэзэщІакІуэ властхэм я Іэнатіэхэм, республикэ, муниципальнэ Іуэхущіапіэхэм ящІыгъуу, щыІэ мардэм къезэгъыу сабийхэр къещэныныкІэ предприятэ хэха къызэгъэпэщыныкІэ зэкІыпІэхэм мы гъэм бадзэуэгъуэм и 11 пщІондэ хэпльэну. Арщхьэкіэ, абы теухуа жэуап къаІэрыхьакъым. НэгъуэщІ унафэ зыбжани ягъэзэщІакъым. Ахэр пхыгъэкІыныныкІэ жэуап зыхьхэм Іэмал имыІэу зыхуеину хъыбархэр къыззрамытым къыхэкІыу. Мусуков Алий къыхигъэщащ, а унафэкэр гъэзэщІэныкІэ жэуап зыхьхэм дисциплинарнэу зэретхьэкъунур.

КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Инжьджокъуэ Сэфарбий** и докладыр триухущ сабийхэм гъэзэгу бэІутІэІуэхэм фэбжь щыхьэкъыгъэхъунныкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, 2016-2017 гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу курыт школхэмрэ сабий гъэсапІэхэмрэ я гъэнэгъу гъэзэгуэгр зыхуей псомкІи къызэгъэпэщынныкІэ Іуэхур здынэсам. Къыхихащащ, КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м щІыгъу илъэсыр къыззэрихьэрэ сабийхэр гъэзэгу фэбжьым щыхъумэныкІэ республикэм Іуэху щыхъухуэхэр, класс сыхьэтхэр, семинархэр, зэІущІэхэр зэрыщагъэкІуэкІар. 2016 гъэм Тольятти щекІуэкІа ныбжьыщІэ автомногоборьемкІэ урысей чемпионатым «Знатоки правил дорожного движения» Іыхьэм къыщыхжаныкІащ Республикэ ныбжьыщІэ автомобиль школым и командэ къыхэхар.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ сабийхэр шынагъуэнэшхуэ къеШэныныр къызэгъэпэщыным икІи, къэпсалъэм зэрыжиІащи, школ автобусхэм къахэхъуэнущ. ФокІадэ мазэм КъБР-м къэсынущ школ автобусыщІэ 23-рэ. Апхуэдэу щытми, къызэрагъэсэбэныпхъэ пІалъэр зэкІыпІ къыхэкІыу 2017 гъэм республикэм и школ автобус парк щыт транспорт 58-рэ хэщІынущ.

КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Нэгъуэй Юрий** жиІащ гъэзэгу насыпыншагъэхэм сабийхэм фэбжь щамыгъуэтыныр къызэгъэпэщынырщ. Къэрал автоинспекцэм и унэтІыныгъэ нэхъыщІэхэм зэращІыщыр. Илъэс ещанэ хъуауэ гъэзэгу насыпыншагъэхэм хэкІуадэ, фэбжь хэзых сабийхэр нэхъ мащІэ хъуащ къагъэсэбэп Іэмалхэм я фІыгъэкІэ. Гъэзэгу къэхъукъащІэхэри процент 11-кІэ ехащ. Абыхэм фэбжь щагъуэтащ сабий 37-м икІи ар нэгъабэ елъытауэ нэхъ мащІэщ. Мы гъэм и ялэ илъэс ныкъуэм сабий зыхэкІуада гъэзэгу насыпыншагъитІ къэхъуащ. ГъэуиТІри къыщыхъуар Бахъсэн щІыналъэрщ. Езы цІыкІуэм я мысакъыныгъэм къыхэкІыу сабийхэр зыхэт гъэзэгу бэІутІэІуэхэр процент 36,8-кІэ ехащ. ЗэІущІэм къыщыхальхьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министерствэм щІэрыпІэ щащІат, зи сабэп хэлъ федеральнэ властхэм я Іэнатіэхэм, республикэ, муниципальнэ Іуэхущіапіэхэм ящІыгъуу, щыІэ мардэм къеззэгъыу сабийхэр къеШэныныр предприятэ хэха къызэгъэпэщыныкІэ зэкІыпІэхэм мы гъэм бадзэуэгъуэм и 11 пщІондэ хэпльэну. Арщхьэкіэ, абы теухуа жэуап къаІэрыхьакъым. НэгъуэщІ унафэ зыбжани ягъэзэщІакъым. Ахэр пхыгъэкІыныныкІэ жэуап зыхьхэм Іэмал имыІэу зыхуеину хъыбархэр къыззрамытым къыхэкІыу. Мусуков Алий къыхигъэщащ, а унафэкэр гъэзэщІэныкІэ жэуап зыхьхэм дисциплинарнэу зэретхьэкъунур.

КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Инжьджокъуэ Сэфарбий** и докладыр триухущ сабийхэм гъэзэгу бэІутІэІуэхэм фэбжь щыхьэкъыгъэхъунныкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, 2016-2017 гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу курыт школхэмрэ сабий гъэсапІэхэмрэ я гъэнэгъу гъэзэгуэгр зыхуей псомкІи къызэгъэпэщынныкІэ Іуэхур здынэсам. Къыхихащащ, КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м щІыгъу илъэсыр къыззэрихьэрэ сабийхэр гъэзэгу фэбжьым щыхъумэныкІэ республикэм Іуэху щыхъухуэхэр, класс сыхьэтхэр, семинархэр, зэІущІэхэр зэрыщагъэкІуэкІар. 2016 гъэм Тольятти щекІуэкІа ныбжьыщІэ автомногоборьемкІэ урысей чемпионатым «Знатоки правил дорожного движения» Іыхьэм къыщыхжаныкІащ Республикэ ныбжьыщІэ автомобиль школым и командэ къыхэхар.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ сабийхэр шынагъуэнэшхуэ къеШэныныр къызэгъэпэщыным икІи, къэпсалъэм зэрыжиІащи, школ автобусхэм къахэхъуэнущ. ФокІадэ мазэм КъБР-м къэсынущ школ автобусыщІэ 23-рэ. Апхуэдэу щытми, къызэрагъэсэбэныпхъэ пІалъэр зэкІыпІ къыхэкІыу 2017 гъэм республикэм и школ автобус парк щыт транспорт 58-рэ хэщІынущ.

КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Нэгъуэй Юрий** жиІащ гъэзэгу насыпыншагъэхэм сабийхэм фэбжь щамыгъуэтыныр къызэгъэпэщынырщ. Къэрал автоинспекцэм и унэтІыныгъэ нэхъыщІэхэм зэращІыщыр. Илъэс ещанэ хъуауэ гъэзэгу насыпыншагъэхэм хэкІуадэ, фэбжь хэзых сабийхэр нэхъ мащІэ хъуащ къагъэсэбэп Іэмалхэм я фІыгъэкІэ. Гъэзэгу къэхъукъащІэхэри процент 11-кІэ ехащ. Абыхэм фэбжь щагъуэтащ камерэ 94-м, ягъэІэпхъуэ видеосурэттех Іэмэпсымэхэм ятахэр я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ сурэт, видео тезых Іэмэпсымэу гъэзэгум щагъэувахэм я фІыгъэкІэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, электрон Іэмалхэм псынщІагъым щІезыгъэкІэр, хабзэр уэмм зыщІэкІэ къахутэ. Административнэ хабзэр къызэрызэпаудам теухуа Іуэхуэхмкіэ унафэкэр щащтэ камерэ 94-м, ягъэІэпхъуэ видеосурэттех Іэмэпсымэхэм ятахэр я щІигъу тралъхьати, мелуани 133-м щІигъу ирагъэпшынащ. Абы и фІыгъэкІэ бюджетым и хэхъуэр процент 62-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Къуэдыхэр ятынныкІэ сэбэп хъуащ къару зыгъуэта, унафэр къыщащта махуэм щыщІэдзауэ махуэ 20-м къыриубыдэу тралъхьа къуэдым и зэхуэдитым фІэкІа имытыну Іэмал къезыт федеральнэ хабзэр. А Іэмалыр къагъэсэбэпащ псынщІагъым щІрагъэгъуэ хабзэр къызэпызыудахэм я процент 92-м.

Суд приставхэм я Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэхэм хабзэр къызэпызыудахэм ирагъэпшынащ сом мелуан 40. ЦАФАП-м кІыта унафэхэм япкъ иткІэ зэхагъэува дэфтэр мин 43-м кІыубыдэ сом мелуан 33-м щыщу сом мелуан 17-р ирагъэпшынащ. Сом мин 600 ирагъэтащ транспорт Іэмэпсымэхэр зэрарубыдам къыпэкІуэ.

Зэ1ущІэм къыриКІуахэм якъ иткІэ къащтащ Іуэгугум щынагъуэнщэу щызекІуэн и лъэныкъуэкІэ щыІэ ныкъуэсанытхэр ягъэзэкІуэжьным хуэгъэпса, си сэбэп хэлъ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, щІыпІэ самоуправленэмкІэ Іэнатіэхэм ират чэнджащэр къыщыгъэльэгъуа протокол.

УАРДЭ Жансурэт.

«Ди сабийхэм я уэзыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщІэ!»

Фокіадэм и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щаублащ апхуэдэ фІэщыгъэр зиІэ наркотикым и бий Іуэхугъуэр.

КъБР-м щыІэ МВД-м, республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм, КъБР-м Уэншагъэмкіэ и министерствэм зэгъусэу къыззрагъэпэща а Іуэхум и мурад нэхъыщхьэр ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ наркотикым пэІэщІэ щІыным, наркотикым Іейм уэзрыхуэцэнэ ящІыным къагурыгъэІуэным адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэмрэ жылагъуэмрэ якІыхэщынэщІ.

Унагъэмрэ школымрэщ сабийм япэ лъапІэныгъэхэр, зыныгъыкІэм и мардэхэр кьыщищІэр. ИпэжьыпІэкІэ ахэрщ кьыпэувыр ныбжьыщІэр наркотик зэхьэлІэныным демыгъэхьэхыным.

Я къалэныр нэсу зэфІэзыным ерыщу бгъэдыхьэмэ уэзыншагъэм, наркоманием кърикІуэ ныкъусаныгъэхэм (гепатит, ВИЧ/СПИД, н.), къемызэгъ Іузхугъуэхэр и чэзум къэхутэным икІи кьэзэтегъэуВыІэным теухуауэ адэ-анэ, егъэджакІуэ куэдым щІэныгъэ нэс ябгъэдэлъхьым. КъызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІэщи, мы зэхуэсыр зытеухуар ахэр иджырей Іэмалхэм щыгъуаэз ящІыныращ, хуегъэджэныращ.

2016 гъэм и кІыхьаркІэ лектор гупыр щылажьэнущ республикэм и еджапІэхэм. НыбжьыщІэхэр ирагъэджэнущ икІи яфІэгъэщІэгъэнэу зыщІэупщІэхэм жэуап ираты нущ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Лъэныкъуэ куэдкІэ гъащІэм хуэжьдэжрщ, зызрипщытым псэ хелъхьэ тенджыз ФІыщІэ Іуфэм Іус щапсыгъэхэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным куэд хуэзылэжь КІэкІыхъу Мэжид.

ПЭЩІЭДЗЭ школыр абы къыщІухащ къыщІалъхуа Хьэджакъуэ къуажэм. Адыгей къэрал педагогикэ институтым физикэмрэ математикэмкІэ и къудамэм щеджащ. Дзэм къулыкъу щищІэу къыгъэзэжа нэужь, математикэмкІэ егъэджакІуэу лэжьащ. Иужькъ школым и унафэщІ ящІащ.

Іуэхугъуэ куэдым ягъэпІейтей Мэжид 80 гъэхэм Сочэ къыщыззрагъэпэщащуэ щыта «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм хохьэ. Сочэрэ Туапсэрэ щыпсэу шапсыгъэхэм я дежкІэ а зэманыр гугъут. Лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, псэукІэр емыкІакІуэу зэтеІыгъэным гуащІэшхуэ ирахьэлІэн хуей хъурт а щІынальэр зей пІэпкъым щыщу къэнэжа мащІэм.

Адыгэ Хасэм зрипщытыр сыт хуэдэ Іуэхуми. 1945 гъэм Шапсыгъэ районым Лазаревск зэрыфІащыжьар тхьдэ и лъэныкъуэкІэ къуанщагъэ ину зэрыщытыр ящагуры Іуэрт адыгэхэм. Ауэ утхьэусыхэу ущыскІэ сыт? Я къарум къиХь ящІэу щІадзащ: сабий садхэмрэ школхэмрэ анэдэльубзэр щрагъэджу яублэжащ: Хасэм щІэхщІэхьыурэ къыззригъэпэщырт адыгэ хабзэр, лъэпкъым къыдекІуэкІ хьэл-щэнхэр, бгырысхэм я дуней тетыкІэм тельыджэу хэлъыр къеГэлъным трауху зэІущІэхэр.

- Шапсыгъэм я дежкІэ а зэманыр сытыгъ хьэлъэт, - игу къегъэкІыжи иужькІэ Мэжид. - Адыгэ Хасэр уху́эныр егъэлеяу гугъуу къыщІэкІащ. Ди Іуэху епльыкІэр цІыхухэм зыхащІыкІыным зэманкъаруи ихьащ. Сэбэпынагъ зыпылъ Іуэхуэхмкіэ, щапхъэхэмкіэ «къэдзэуащ» абыхэм я дзыхьыр.

Тенджыз ФІыцІэ Іуфэм щыпсэу адыгэхэм я Жылагъуэ Парламентым зэфІихащ псэукІэм, экономикэм, щэнхабзэм, спортым, егъэджэныгъэм теуху Іуэхугъуэ куэд. КІэкІыхъу Мэжидрэ абы и гупымрэ зрапщытырт нэхъапэхэм хъуэпсапІэу фІэкІа цІыхухэм я фІэщ мыхъуу щыта Іуэхугъуэ куэдым. Илъэс куэд щІауэ Адыгэ Хасэм къыдегъэкІ Іэпэпсыгъэ» газетыр, Адыгэ Хасэмрэ «Шапсугия» газетымрэ я интернет-сайтыр мэлажьэ. Илъэситхум и Іуэхущкіэ лэжьащ Адыгэ Республикэм и «ТВ-Шапсугия» ГТРК-р.

Иужьрей илъэс зыбгъупщІым къуриубыдэу Краснодар крайм и администрацэмрэ тенджыз ФІыцІэ Іуфэм щыпсэухэм я Адыгэ Хасэмрэ зыззщІагъакъуэурэ шапсыгъэм я гъащІэм зыужьныгъэ халъхьащ. Пэарвск, Туапсэ районхэм дэт еджапІэхэр, сымаджэщхэр, щэнхабзэмкІэ унэхэр зыхуей хуагъэзащ. Иужьрей илъэсхэм къуриубыдэу яхуэзфІэкІа Іуэхугъуэшхуэщ Урыс-Кавказ зауэм зэкІуадахэм я фэепль тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм зэрыщащхуар. 2008 гъэм накъыгъэм и 21-м ар щагъэуващ Адыгэхэм я щыгъуэ пэкІу щызэхьыхь хабзэ Кичмай Ин (Щахэкіеишхуэ) къуажэм.

- Адыгэм ЩыІэгъуэ махуэ диІапхъэщ. Абы къикІыркъым блэкІамкІэ дыпльэу дыпсэууэ е пащтыхьгъуэм и щІэпхьаджэхэмкІэ зыгуэр дгъэпшынэну иужь диту. Дэ дыщопсэу Урысей Федерацэм. Сыт хуэдэ лъэпкъ укъыхэкІами уи блэкІар плъытэну, пщІэ хуэпщІыну къегъэув къэрал лъэщым и хабзэм, - жеІэ КІэкІыхъум.

Адыгэ лъэпкъым и псэукІэр иригъэфІэкІуэным, и блэкІар, и хабзэр, и бзэр ищІэным гуащІэшхуэ хэзылъхьэ КІэкІыхъу Мэжид къыхуагъэфэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щІыхь дамыгъэр.

ГЪУЭТ Синэ.

●Хэхьныгъэ-2016

Сталиным и удыну пщІы капитализмэм еддзынщ

Урысейм и коммунистхэр Коммунист партым хэхьныгъэм и пэ къихуэ и программэ

Ныбжьэгъуэхэ! Фокіадэм и 18-м Урысейм щыхъ Къэрал Думэм и депутатхэр. Мы зэманым Урысейм щолажьэ Урысейм и коммунистхэр Компартыр. Сурайкин Максим Александр и къуэр - Ныбжьэгъу Максим - зи пашэр. Урысейм и коммунистхэр Компартым Сталиным и удын гуащІэу 10 капитализмэм иридзынущ.

Ялэ удыныр

Дэ къэрал мылъкум хэдгъэхьэжьнурэ Совет Правительствэм и унафэм щІэдгъэувэжынущ: банк Іэнатіэр; щІым щІэлъ хуэгъуэфІыгъуэхэр кьыщІэзыхь Іэнатіэр; гъущІ гъуэгу транспортыр; псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр; узыншагъэр хьумэныр егъэджэныгъэмрэ я Іуэхущіапіэхэр. Фадэмрэ тутыныр я къэралым фІэкІ зыми кьыщІигъэкІыну икІи ищэну хуимыту дгъэувыжынущ.

ЕтІуанэ удыныр

Дэ лэжьапІэншагъэм ебэныныкІэ лъэпкъ псом и программмэ кьэтщтэнщ. Совет зэманым щыІа Лэжьыгъэмкіэ законхэм я кодексыр и лъабжьэу дгъэхьэзырынурэ, дэ къыхэтлъхьэнущ Лэжьыгъэмкіэ кодексыщІэ. Промышленностым и Іуэхущіапіэ псори зэрызэтедгъэувэжынум и фІыгъэкІэ цІыху псори лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэща хъунущ.

Ещанэ удыныр

Ерыскъыпхъэ нэхъыщхьэхэмрэ цІыхухэм махуэ хэсэ кьагъэсэбап хьэпшыпхэмрэ я гасэхэр текІ мыхъуну убзыхуаеу дгъэувынущ. Апхуэдэу дэ зэтедгъэувэнущ цІыхухэр фІэкІыпІэ зимыІэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ кьызэзыгъэпэщ къэрал системэ. Хэхауэ къэралым и унафэм щІэту щытынущ ди деж кьыщалэжь гъавэм, гъэшым, лым, джэдыкІэм, хадзэкІхэм, пхъэщхьэмыщхьэм я гасэхэр. ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхугъэхэм тригъэкІуадэ гасэхэр дэтхэнэ унагъуэми кьыІэрыхьэ хэхъуэм и проценти 10-м фІэдгъэкІыныкъым. Апхуэдэу дэ нэхъ мащІэ дыдэу цІыхум щІэ цІыхубэ хьыбарегащІэ Іуэхущіапіэхэм жэуап иратэхьынущ. Лэжьакіуэхэм, нэхъ хуэмыщІауэ къаІыэтэ гупхэм, пенсионерхэм, щІалэгъуалэм я нэхъыбапІэр театрхэм, кинотеатрхэм, музейхэм, концертхэм хуиту кІуэфын папщІэ Іэмалхэр кьызэрагъэпэщынущ.

ЩІэуэ зэхалъхьэнущ совет хабзэм тет, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, интернационализмэр, патриотизмэр зыІэт лъэпкъ политикэм и мардэхэр. Пионер организацэ кьызэрагъэпэщыжынущ.

Ббгъуанэ удыныр

Диныр зыІыгъ псоми пщІэ зэрахуэтщІым кьыдэкІуэу, дэ ткІийуэ дыкъоув дин Іуэхущіапіэхэр жылагъуэ гъащІэм хэІэбэным и бийуэ.

ЕпщІанэ удыныр

Дэ пытщэнущ къэрал щІыб политикэм хэкур фІыуэ лъагъуныр и лъабжьэу щытын зэрыхуейм. Нобэ дэ ди мурад нэхъыщхьэр социализмэм, совет зэманым дыхуэзышэж Союзэ къэралыгъуэ зэтегъэувэжынырщ.

* * *

Совет властыр зэтедгъэувэжынщ! Социализмэр зэтедгъэувэжынщ! СССР-р зэтедгъэувэжынщ!
Урысейм и коммунистхэм я Компартым - Іэ зэраІэт бюллетень №2-м щІэту иратхам - папщІэ Іэ фІэт!

ЩІэгъэкъуэн мэхъу

●Профсоюзхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профсоюз организациІым хуагъэфэщащ Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и щІыхь тхыльхэр.

щокъуэ ФатІимэт Урысейм и ФНП-м и щІыхь тхыльхэр яритыжащ КъБКъУ-м и профсоюз организацэхэм я Іэтащхьэхэу **Кобозев Игоррэ Бозий Исламрэ**.

- Ди зэгухьэныгъэшхуэм сыт щыгъуи щІэзыхьэщІэ щІэгъэкъуэныгъэхуэ фыкъызэрыгъэхуэкъуэр икІи фІыщІэшхуэ яхуэсщІыну сыхуейт профсоюз организацэхэм лэжьыгъэ жьыдж щІэзыгъэкІуэкІ егъэджакІуэ, студент псоми, - зауигъэзащ къызэхуэсахэм Амщокъуэ ФатІимэт.

Кобозев Юрий я лэжьыгъэм гулъытэ лъагэ къыхуэзыщІа Урысейм и и Профсоюз щхьэхуитхэм я зэгухьэныгъэм фІыщІэ хуиІащ икІи жиІащ КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэми студентхэми апхуэдэ дзыхьыр зэрагъэпэжынур.

УЭЛДЖЫР Аринэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● Фокіадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ

Куэд хуэзфІокІ

КІэкІыхъу Мэжид

щІэхьыурэ къызэригъэпэщырт адыгэ хабзэр, лъэпкъым къыдекІуэкІ хьэл-щэнхэр, бгырысхэм я дуней тетыкІэм тельыджэу хэлъыр къеГэлъным трауху зэІущІэхэр.

- Шапсыгъэм я дежкІэ а зэманыр сытыгъ хьэлъэт, - игу къегъэкІыжи иужькІэ Мэжид. - Адыгэ Хасэр уху́эныр егъэлеяу гугъуу къыщІэкІащ. Ди Іуэху епльыкІэр цІыхухэм зыхащІыкІыным зэманкъаруи ихьащ. Сэбэпынагъ зыпылъ Іуэхуэхмкіэ, щапхъэхэмкіэ «къэдзэуащ» абыхэм я дзыхьыр.

Тенджыз ФІыцІэ Іуфэм щыпсэу адыгэхэм я Жылагъуэ Парламентым зэфІихащ псэукІэм, экономикэм, щэнхабзэм, спортым, егъэджэныгъэм теуху Іуэхугъуэ куэд. КІэкІыхъу Мэжидрэ абы и гупымрэ зрапщытырт нэхъапэхэм хъуэпсапІэу фІэкІа цІыхухэм я фІэщ мыхъуу щыта Іуэхугъуэ куэдым. Илъэс куэд щІауэ Адыгэ Хасэм къыдегъэкІ Іэпэпсыгъэ» газетыр, Адыгэ Хасэмрэ «Шапсугия» газетымрэ я интернет-сайтыр мэлажьэ. Илъэситхум и Іуэхущкіэ лэжьащ Адыгэ Республикэм и «ТВ-Шапсугия» ГТРК-р.

Иужьрей илъэс зыбгъупщІым къуриубыдэу Краснодар крайм и администрацэмрэ тенджыз ФІыцІэ Іуфэм щыпсэухэм я Адыгэ Хасэмрэ зыззщІагъакъуэурэ шапсыгъэм я гъащІэм зыужьныгъэ халъхьащ. Пэарвск, Туапсэ районхэм дэт еджапІэхэр, сымаджэщхэр, щэнхабзэмкІэ унэхэр зыхуей хуагъэзащ. Иужьрей илъэсхэм къуриубыдэу яхуэзфІэкІа Іуэхугъуэшхуэщ Урыс-Кавказ зауэм зэкІуадахэм я фэепль тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм зэрыщащхуар. 2008 гъэм накъыгъэм и 21-м ар щагъэуващ Адыгэхэм я щыгъуэ пэкІу щызэхьыхь хабзэ Кичмай Ин (Щахэкіеишхуэ) къуажэм.

- Адыгэм ЩыІэгъуэ махуэ диІапхъэщ. Абы къикІыркъым блэкІамкІэ дыпльэу дыпсэууэ е пащтыхьгъуэм и щІэпхьаджэхэмкІэ зыгуэр дгъэпшынэну иужь диту. Дэ дыщопсэу Урысей Федерацэм. Сыт хуэдэ лъэпкъ укъыхэкІами уи блэкІар плъытэну, пщІэ хуэпщІыну къегъэув къэрал лъэщым и хабзэм, - жеІэ КІэкІыхъум.

Адыгэ лъэпкъым и псэукІэр иригъэфІэкІуэным, и блэкІар, и хабзэр, и бзэр ищІэным гуащІэшхуэ хэзылъхьэ КІэкІыхъу Мэжид къыхуагъэфэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щІыхь дамыгъэр.

ГЪУЭТ Синэ.

ЦIыхубэм щIэныгъэ зрагъэгъэтыну Iэмал гуэри щыIакъым лIэщIыгъуэ блэкIам и пэщIэдзэхэм ди къэралым щекIуэкIа Жэпуэгъуэ Революцэ Иным и пэкIэ. Апхуэдэ зыужьыныгъэ зи быным езытыфхэр жылагъуэм я нэхъ къулейхэрт, зыхуэзфIэкIхэрт. Къапщтэмэ, школакIуэ ныбжьым ит адыгэ сабийхэм я процент 1,6-рат щIэныгъэ зэзыгъэгъэтыфыр. Балъкъэрхэм ящыщу апхуэдэхэм я бжыгъэр зэрыхъур процент 0,47-рэт.

РЕВОЛЮЦЭМ цIыхубэм къаритта Iэмал гъуэзэджэхэм ящыщт щIэныгъэ зэгъэгъэтыныр. Налшык и окружной советым 1918 гъэм къыщызэрагъэпщауэ щытащ цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ къудамэ щхьэхуэ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм хьыхьэт школхэр къызэIухыныр, зэреджэ программэхэр зэхэпхъэныр, егъэджакIуэхэр гъэхьэзырыныр, еджапIэхэр тхьапIкIэ къызэгъэпэщныр. ЦIыхуфэм щIэныгъэ етыным и лъабжьэ хъуат РСФСР-м Егъэджэныгъэм теухууэ къыдигъэкIа декретыр. Налшык ревкомым 1920 гъэм ищIа унафэм, школ уухэныгъэм теухуам, илъэс иткIэ Къэбэрдейм кьызэIуахауэ щытащ школ 23-рэ. Кьыкlэлъыкlуэ илъэсым абихэм я бжыгъэр 57-рэ хъурт. Балъкъэрым и япэ школхэм лэжьэн щыщIадзари а илъэсырщ.

Ди щIыналъэм къэралгъуэ игъуэта нэужь, цIыхубэ егъэджэныгъэм и Iуэхур нэхъ псынщIэу кIуэтэу хуежьащ. 1923 - 1924 гъэ еджэгъуэм и кIэуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэт школ 94-рэ. Школ уухэныгъэм зиужьыху, нэрылъагIу хъурт абы щезыгъэджэну Iэщlагъэлlхэр зэрымащIэр, апхуэдэу школакIуэхэм къагъэсэбэпыпхъэ хьэпшыпхэр, зэреджэ тхылъхэмрэ пособиехэмри сабийхэм эрахъурмыкъур. Iуэхур нэхъ гугъуэ ищIырт лъэпкъхэм я къыдфыльэхэр тэмэму зэхэгъэвауэ, зы жьмпхэ гурэри иту зэрыщымытми. Къапщтэмэ, Жэпуэгъуэ революцэшхэм иужькIэ адыгэбзэр урыс грамматикэм и хьэрфхэм хуагъэкIуауэ щытащ. ИлъэситI-щы нэхъ дэмыкIыу, бзэм и макъхэр къэгъэльэгъэныр хьэрыпI хьэрфыльэм хуагъэкIуэжащ. АбыкIэ кьэбэрдей школхэм щрагъэджащ илъэс зыбжанэкIэ. ИужькIэ, 1923 гъэм и пэщIэдзэм, адыгэбзэм и зыужьныгъэм хуэунэтIа зэIущIэ ин Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ. Абы унафэ кьыщащтащ адыгэбзэр дяпэкIэ латин графикэм тегъуэвэн хуейуэ. ЦIыхьыбзэу дунейм тетхэм я нэхъыжьхэм хабжэ ди адыгэбзэр иджы латин хьэрфхэмкIэ къэгъэльэгъуэным яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэх Хьуран Батий. А зэманым ар Налшык окружным щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу лажьэрт.

Дэфтэрхэм кьызэрагъэгъэжьмыкIэ, Хьураныр хуабжьу щыгуфыкIат апхуэдэ унафэ бзэм зэрытращIыхьам, сыту кьыпIэмэ, псом япэраеу, ар зэгъэщIагъуэфIэт. КъинэмыщIауэ, дунейм тхьбзэу тетым я нэхъыбапIэр зытетыр а латин тхыкIэрат. Апхуэдэуи (ар Хьураным и дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэт) адыгэхэм я нэхъыбапIэр щыщыпсэу хамэ щIыпIэхэм щызекIуэ бзэхэм я макъэхэри кьыззрыгъэльэгъуэр латин хьэрф тхыкIэмкIэт. Хэкупсэ нэсыр щIэхъуэпсырт дэнэкIэ щыIэ ди лъэпкъгъуэхэм зэпыщIэжа хъуным, абы сэбэн хуэхъуну кьиIытыпэт тхыкIэ зэщхь зиIэ бзэхэр.

Дзыхь кьыхуащIа кьалэныр зэман кIэщIым кьэрибудзу икIи щытхъу пылъу зэфIигъэкIащ Хьураным. Иджырей тхыдэмкIэ дэфтэр хъумапIэм щIэлъ тхылъхэм кьызэрагъэльэгъуэмкIэ, 1923 гъэм накьыгъэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр областной съезд щIэкIуэ комитетым унафэ щхьэхуэ кьыдигъэкIащ латин графикэм тет адыгэбзэр ди щIыналъэм кьыщащтэнэм теухуауэ.

Абы и пэкIэ, накьыгъэм и 3-м, партым и обкомым и бюром и зэIущIэ екIуэкIам мыпхуэдэ унафэ щащIат:

«...а) «Красная Кабарда» газетым кьыхтехуэ тхыгъэхэм ящыщ Iэмал имыIэу адыгэбзэкIэ тедзэн. Абы папщIэ:

1. Къэбэрдейм и щIэныгъэ, щэнхабзэ лэжьакIуэхэм я кьару псори къэбэрдей фирфтыр кьызэгъэпэщыным екъэлIэн.

2. ЦИК-м, нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм я зэфIэкIкIэр къэгъэсэбэпауэ къэбэрдей шрифтыр гъэхьэзырыным икьыну мыпхуэдэ къэгъуэтын. А Iуэхур мы илъэсым и щыщкьэуIу пщIондэ зэфIэгъэкIым».

Латин хьэрф тхыкIэм Хьураным иригъэзэгъа адыгэбзэм и алфавитым щыгъэгъэзэн хуейт цIыхубэр. Абы щхьэкIэ ар кьытрадзащ а зэманым ди щIыпIэм урысибзэкIэ кьыщыдзэкIыу щытэ «Красная Кабарда» газетым, апхуэдэу ар напэкIуэцI щхьэхуэуи кьыдагъэкIырт. А мурадыр яIэу Елбэд Хьэсэнэрэ Хьэшэж ТIалибрэ 1923 гъэм кьыдагъэкIауэ щытащ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. Зи бжыгъэкIэ куэд хъу а кьыдэкIыгъуэр занщIэу зэбгрыкIащ. Ар зрагъэщIэну я нэ кьикIырт щIэныгъэм щIэхъуэпс, гъащIэщIэр зи пльанIэ щыхуэм. ЩIэблэм щIэныгъэр а хьэрфыльэмкIэ къэщтэным сэбэн хуэхъуащ а лъэхъэнэм ди щIыпIэм школхэр кьызэрыщыщIэуахари. Абыхэм адыгэгъэкIырт. А мурадыр яIэу Елбэд 66-м цIыху 4189-рэ екIуалIэу щытамэ, 1925 гъэм ирихьэлIэу школхэм я бжыгъэр 164-рэ хъурт, абыхэм щеджэрт ныбжьыщIэ 12024-рэ. 1930 - 1931 гъэ еджэгъуэщIэм и пэщIэдзэм пэщIэдзэ школхэм екIуалIэрт цIыху мин 27-м щIигу. Абыхэм я зэхуэдитIым нэсыр бзэм ирихьыкуэнт.

Школ Iэнатlэр Iэщlагъэлlхэмкlэ зэрыримыкъум кьыхэхкIыу, КъБАО-м и Советхэм я III съездым унафэ кьиущащ Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ кьалэ цIыкIу (ЛУГ) кьыщызэIухын хуейуэ. Лъэпкъ Iэщlагъэлlхэм я «кIыщIу» щыта а еджапIэм мыхьэнэшхуэ иIэт цIыхубэм щIэныгъэ гъэзэгъуэныгъэмкIэ. ЛУГ-м хэту лэжьэн щIэзыдза Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ техникумым (иужькIэ Налшык педучилищэ ящIыжам) игъэхьэзыращ егъэджакIуэ минхэр, пионервожатэ нэхъыжьхэр, гъэсакIуэхэр. Комунист партымрэ Совет Правительствэмрэ гулъытэшхуэ хуащIу щытащ къэралым кьыщIэхъуэ щIэлэр егъэджэнымрэ хэкупсэ гъэсэныгъэ етынымрэ. Ди щIыналъэм и къуажэхэм я нэхъбапIэм 1930 - 1931 гъэ еджэгъуэм ирихьэлIэу школхэр кьыщызэIуахат. А лъэхъэнэращ Арщыдан, Къэрэгъэш, Къэрэш, Нартан, Хьэпцlей, Шэджэм ЕтIуанэ жылэхэм я япэ школхэм я бжэр щIыпIэ сабийхэм кьыщыхуэзIуахаз.

Сабийхэр зэрырагъаджэм кьыдакIуэ, лэжьыгъэшхуэ драгъэкIуэкIырт щIэныгъэ зыбгъэдэмылъ балигъхэми. ДэнэкIи щылажьэрт «ликбез»-кIэ зэджэ пунктхэр. Абыхэм пщыхьэщхьэхэм екIуалIэрт джэкIэрэ тхэкIэрэ зэзыгъэщIэну хуей псори.

СССР-м щекIуэкIа щэнхабзэ революцэм кьыгъуэкIа ехьулIэныгъэхэм ящыщт Псыхуабэ 1932 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр пединститут кьызэрыщызэIуахари. Абы кьыщIигъэкI егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр гукъыдэжьыщхуэ яIэу кIуэрт школыщIэхэм, ябгъэдэлъ щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ щIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэныгъэ зэуэнэтIыну.

1936 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэмалымышэ щыхъуащ илъэсибл школыр псоми кьаухыныр. А школхэм я пэщIэдзэ классхэм егъэджэныгъэр зэрыщекIуэкIыр анэдэлъхубзэт, урысыбзэр предмет щхьэхуэу программэм кьыхьэзырт 2-4-нэ классхэм. 5-нэ классым кьыщыщIэдзауэ предмет псори урысыбзэкIэ яджырт, адыгэбзэр предмет щхьэхуэу хэту арат зэреджэ программэм.

1940 - 1941 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу ди республикэм щылажьэрт школ 233-рэ. Абыхэм щеджэрт ныбжьыщIэ 71736-рэ. Щыналъэм щыIэт курыт щIэныгъэрэ Iэщlагъэ къэзыт техникум зыбжанэрэ зы къэрал пединститутрэ. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр ирихьэлIауэ Хэку зауэзыхуэр кьыщыхъеят 1941 гъэм и гъэмахуэм.

Зауэ илъэсхэм школхэм я нэхъыбэр щытащ уIэгъэшу. Абы ди щIыналъэм ирахужа нэужь, къэралым япэу мылъку зыхухиха Iэнатlэхэм ящыщщ щегъэжьагъэр. Школхэр зэфIэгъэувэжьыным, щIыналъэм егъэджэныгъэр щIэзтеублэжьыным 1943 - 1944 гъэхэм хуауатIыпщауэ щытащ сом мелиоратив 4,8-рэ.

Школхэр, курыт еджапIэхэр, институтыр кьызэрызэIуахьжьам къадэкIуэу, Iэнатlэм нэхъри зрагъэужьырт. 1949 - 1950 гъэ еджэгъуэм ирихьэлIэу курыт школхэр щылажьэну хуежьащ ди щIыналъэм. 7-нэ классыр кьызэIуахэр иджы Iэмал имыIэу щIэтIысхьэжьын хуейт япэщIыкIэ илъэси 8, иужькIэ илъэси 10 школым. Школхэм щеджэ сабийхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм хуэдэ дыдэу, зауэжьырт абыхэм я мылъку-техникэ лъабжьэмэ. Школхэм кьыщызэIуахырт мастерской зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм я лэжьэкIэр зи нэIэм щIэзыгъэувэ заводышхуэхэм школхэр кьызэрагъэпэщырт зыхуей-зыхуэфI IэмэпсымэхэмкIэ. Школхэм иджы яIэт езыхэм я гуфIуэ, тракторхэр, абыхэм я мастерскийхэр сыткIи зэпэщт.

Школхэм я гъусэу зауэжьырт сабий гъэсапIэхэми, интернатхэми, пщыхьэщхьэрыеджэ школхэми, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм я станц зэмылIэужьыгъуэхэм. ЕджапIэхэм зыщагъужьырт пионер, комсомол зэгухьэныгъэхэм. Ахэр сэбэпышхуэ хъурт щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ.

ПIэщIыгъуэ блэкIам и 70 гъэхэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ехьулIэныгъэшхуэ зыIэригъэхьат егъэджэныгъэ Iэнатlэм зиужьынымкIэ. Республикэм щылажьэрт зы университет, институти 3, курыт щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ щрагъэгъуэт еджапIи 8, курыт школи 128-рэ, илъэси 8 школу 57-рэ, пэщIэдзэ школу 61-рэ, школ-интернату 17, лэжьапIэ Iэнатlэ Iут щIалэгъуалэм я школу 65-рэ, санаторэ-школи 2, сабий уни 3, салай гъэсапIи 158-рэ. Егъэджэныгъэм апхуэдэ зыужьыныгъэфIэ зэригъэтар я фIыгъэт коммунист партымрэ совет правительствэмрэ.

Иужьрей лъэхъэнэм къэралым гулъытэшхуэ хуещI егъэджэныгъэм зегъэужьыным, абы и «пкъо» егъэджакIуэм и пщIэр жылагъуэм кьыщыIэтыным. Абыхэм хуэгъэпса Iэхъуэгъуэхэм ящыщщ, кьапщтэмэ, 2010 гъэр Егъэджакlуэм и илъэсу ягъэувауэ зэрыщытар, «Ди еджапIэщIэ» программэр зэрауфэзыхуар, «Егъэджэныгъэ» пIэпIкъ проектыр илъэс бжыгъэ хуауэ зэрылажьэр, нэгъуэщIхэри.

ГУЛЪЫТЭ хэха егъуэт лъэпкъыбзэхэр джным, ахэр яIуриIуэ сабийхэр кьэгъэтэджным. «ЛъэпкъыбзэкIэ зэрырагъаджэ тхылъхэр щIэуэ зэхуэкIын» республикэ программэм ипэ иткIэ анэдэлъхубзэр зэрырагъаджэ тхылъхэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтауэ кьыдагъэкIыж, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ школхэм зэрыщрагъаджэ методикэхэм зрагъэужь. Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ кьэкIуэну щIэблэ-хэм яхуэхьумэнкIи, бзэр кьурт школхэм зэрыщаджкIыр егъэфIэкIуэныр, апхуэдэуи я Iэхуэхэм хуэлажьэ егъэджакIуэ нэхъыфIэхэр наIуэ кьэщIауэ гъэпсэжныр, еджакIуэ зэчиифIэхэр белджылы кьэщIауэ гъэгушхуэныр и кьалэн нэхъыщхьэщ илъэс 15-м щIигъуэу ди щIыналъэм щекIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм. «Адыгэ псалъэ» газетым 1999 гъэм кьыхилъхьауэ щыта а лъэпкъ Iуэхур жыджэру кьыдаIыгъащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщI къэрал Iэхуэщlапlэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

Зи къэралыгъэм и 95-нэ илъэсыр зыгъэлъапIэ ди республикэм егъэджэныгъэ Iэнатlэм адэкIи зегъэужьыным хуиIэ жэрдэмыфIэхэм адэкIи зэрыпищэнур, абы хуэунэтIа Iуэхуфlхэр иджыри зэрыщекIуэкIынур ди фIощI мэхъу УФ-м и Президентым депутатхэм Зэрызахуигъаззэм кьызэрызыгъэщащи, «къэрал властым лъэкI псори ищIэнущ егъэджакIуэм и пщIэр жылагъуэм нэхъри кьыщIэта хуэн папщIэ», Хэкум и кьэкIуэнур зэпытат абыхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэт, гъэсэныгъэ зыхалъхьэ щIэблэр аращи.

ЩIэныгъэншагъэр - ар кIыфIыгъэщ, насыпым и лъэныкъуэ куэдым пэIэщIэ узыщI Iуэхугъуэщ. Нэхугъэмрэ фIыгъуэмрэ дыхуэзышэ щIэныгъэ гъуэгур нэхъри бгъуфIэ, шэщIа ирехъу.

КЪАРДЭН Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

Жылэ Iумахуэу Къэхъун

Къэхъуным и щIэблэр дахэщ икIи бжыфIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ нэхъыжьхэм икIи нэхъ инхэм ящыщщ Къэхъунир. Дыззэрыт илъэсым и пэщIэдзэм ирихьэлIэу абы дэса унагъуэ 1589-м цIыху 7152-рэ щыпсэурт.

ЗЭРЫХУАГЪЭФАЩЭМКIЭ, нобзрей Къэхъунир здащыс щыпIэм япэу щетIысхэар Понэжхэщ икIи жылагъуэм и фIэщыгъэщIэу кьежьар Понэжхьэблэщ. Ар кьыщыхуауэ лIыжь хьыбархэм кьызэрыхэщыжьыр 1837 - 1838 гъэхэрщ. Арщхьэкlэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэ зыбжанэ щыIэщ Къэхъунир нэхьыжьу е нэхъыщIэу яIуатэу икIи абы и пэжыпIэр зэхэгъэкIыныр тхыдэтхэм я пщэрылъщ.

Зэман дэкIри Хьэмырзей (Арщыдан) къарагъэкIри кьуажэнщ нэхъыжьу мы жылагъуэм Кьейтыкъуэ Дохъущокъуэ и пщыпIхэр и гъусэу кьыдагъэтIысхьащ икIи «Дохъущокъуэхэ я къуажэкIэ» едж хъуащ. Абы кьызэщIиубыдащ нэгъуэщI жылэ гъунэгъухэри.

Дохъущокъуэхэ я къуажэм и щIыналъэр инт икIи абы хьхьэрт Мысостемйр (Аруан къуажэ) Дохъущыкъуейм (Старэ Шэрдэж) я зэхуакур, Псыкуэд удэжа иужькIэ щыIэ «Бланэ дэхунIэ» щIыпIэм кьыщыщIэдзауэ Чёрнэ Речкэ къуажэм блэж псым нэсыху. Абы и Iыхьэ щанэр мэзу щытащ, жыгей, кIей, щиху, екIэпцIэ, дзэл кьыщыкIыу. Дэфтэрхэм кьызэрыхэщыжьмкIэ, 1875 гъэм Дохъущокъуэхэ я къуажэм десятинэ 5124-рэ иIыгъащ.

Япэ дыдэу нобзрей Къэхъуным и щIыналъэм щетIысэхауэ итыгъэр, кьызэрыхэдгъэщащи, Понэжхэщ, пщылI унагъуиплI я гъусэу. Абыхэм кьызэдэщащ Кулхэ, Бишортхэ, Гурейхэ, Жырыгухэ. Нэхъ иужькIуэкIэ къэIэпхъуащ Тумэхэрэ Шыбзыхьуэхэрэ. Мыращ лъапсэ щагъуэтар Кьардэнхэ, Нэзэрхэ, Иразхэ, Тхьэзэплъхэ, Щхьэзэпсэуэхэ.

Дохъущокъуэпщыр кьыщагъакIуэм, абы и гъусэу кьэзIэпхъуащ Семэнхэ, Чыржынхэ, Бэийхэ, Жэмыкъуэхэ, Бжьыхьэхэ, Такъхэ, Джэгуакlуэхэ, Хьэстхэ, Чэртыхэ, Къурмэнхэ. Нэхъ иужькIуэкIэ къуажэм кьыдэтIысхьащ Къарэхэ, Алботхэ, Анимокъуэхэ, Мэжэдыхьхэ, Жыласэхэ, Хеймащдзхэ, Щэрмэтхэ.

Шыпш инэралым кьызэдишащ Шыбзыхъуэхэ (къуажапщэм щыпсэуэхэр), ХьэхъупащIэхэ, КIэшхэ, Чылхэ, Тхьэгъэлэджхэ, Бахьуэхэ, ШащIэхэ, Тамбийхэ, Кьандзхъуэ, Джатокъуэхэ, Дамэлейхэ, Ежьибокъуэхэ, ХьэкIынэгъуэхэ, Тажджэхэ, Гьутхэ, Абаззхэ.

Нэхъ иужькIуэкIэщ Жамборэхэ, Тэхъуэхэ, Бэрэдджэхэ, Берычэтхэ, Шакъхэ, Ерыжокъуэхэ Брамтэ (Вольнэ Аул) кьыщыIэпхъукIар, Лъэпщокъуэхэ, Фырэхэ, Гулэжьнхэ, Шэошэнхэ, Хьэсанэхэ Мэчан жылагъуэм кьыщикIар.

Нобзрей Къэхъуным Октябрь революцэм ипэкIи иужькIи Шыпшхьэблэкlэ цIыхухэр еджэу щытащ. Ар кьызыхэкIауэ кьалъытэр, япэрауэ, Дохъущокъуэхэ я къуажэмрэ (Докшукинэ) Дохъущыкъуейм (Докшоково) я кьэпсэльыкIэкIэ зэрызэзэгъунэгъу дыдэрт. ЕтIуанэрауэ, Шыпш инэралыр зэфIэкIрэ мыпхуэдизкIэ Дохъущокъуэхэ зэращхьэпрыкIарт. Урысхэм яхуэзэуэрэ зи мыхьэнэр дэуея Шыпшхэ я благъэхэр Дохъущокъуэхэ я къуажэм куэду кьыдэтIысхьэ хъуащ. Арати, нэхъыбэр абы «Шыпшхьэблэкlэ» еджэ хъуащ. Арщхьэкlэ тхыльымпIэкIэ ар фIрагъэщыфакъым икIи, большевикхэр къэралым щытекIуэу, 1922 гъэм къуажэщIэр щахъэжьэм, Дохъущокъуэхэ я къуажэм дэж псым и цIэ Къэхъуныр жылагъуэм фIащащ.

Октябрь революцэм и иужьрей илъэхъэнэм Къэхъуным хуабжьу зиужьащ. ЕджапIэхэр, Iэхъущlапlэхэр кьызэIуахащ, колхозу жылэр зэгухьащ. Зым Iэпыхъу адрейм кьищтэжу жылэр здэлажьэт, фIыри Iейри здагъуэу. Арщхьэкlэ 1941 гъэм мэкъуэгъуэрэ и 22-м къэхъеят гущIэгъунэшэ зауэм, адрейхэми хуэдэу, гуIэгъуэ куэд кьахуихьащ къэхъундэсхэм. Ахэр зыIт и бны бий хьэщхьэрыуэм пэщIэуващ икIи хэти фронтым, хэти тылым я пэ, я кьаруи щыIэжьащ. Абы и щIыналъэм щыIэ Псыкуэд, Жылэнэ урикъунщ Хэкур яхьумэжыну зауэм дэкIа цIыху 350-м щIигъуэм ящыщу 218-м кьызэрамытIэщэжар.

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къаГъэлъагъуэу бийр зэтракъутащ Къэхъунрэ дэкIа куэдым. Ухэрдэхэр хуаусат, усэхэр хуэзэкIахьат фашисти 125-рэ зэтезыукIа снайпер Iэзэ Жамборэ Щэуал. Абы Зауэ Бэракъ Плъыжь ордену тIу кьыхуагъэфащат. Берычэт Сэрэбий и бгъэм хэлъат Хэку зауэзыхуэ орденым и II нагъыщэр, ЩIыхь орденым и III нагъыщэм, зауэм кьыщыхьа медалитхум. ВаГуэ Плъыжь орденыпэ медалилIрэ кьратат тIасхъэщIэх хахуэ КIэш Хьэту, Къарэ Мусэ, Семэн Нэиб, Шыбзыхьуэхэ Гъумар, Хьэсэн, Чэлимэт, Шащlэ Мухьэжьыр, Къардэн Iэдил, Нэщlэпыджэ Атхьэм, Абаззэ Хьусен, Бэрэзджэ Iэдил, ЖылаСэ Хьэжджэрий, Борий Жантемыр, Тэхъу Мухьэмэд, Джатокъуэ Хьэжмурид, Жэмыхъуэ Илья, Такъ Аскэрхъан, Понэж Мэчрэпил сымэ, нэгъуэщIхэми орденхэмрэ медалхэмрэ я лIыгъэм кьыпэкIыат.

Зауэ кьыщыкьуклI цIыху куэд хокIуадэ, ар узыфIэмыкIыфын Iэхъуугъуэщ. Ауэ гуIэгъуэр тIуащIэ-щащIэ мэхъу зэкъуэшэ зыбжанэм абы я щхьэр щыхалхььэм и деж. Апхуэдэу Хэку зауэшхуэм я псэр щатащ я кьару илъыгъуэрэ я дахэгъуэу Жамборэ Хьэмид и къуиплIым - Джэху, Тобий, Мухьэмэд, Къэралбий. Я кьуэ щырыщ яфIэкIэуэдащ Кьандзхъу Цыкlыр, Хьэхъупащlэ Тlуг, Шыбзыхьуэ Батокьуэ сымэ я унагъуэхэм. Абыхэмэ, адрей къэзымыгъэзэжа псоми я цIэ-унэцIэр тету ТекIуэныгъэ Иныр кьызэрахьрэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу Къэхъун фэеплъ сын щагъэуващ.

Къуажэм кьыдэна лIыжь-фызыжьхэр, цIыхубзхэр, ныбжьыщIэхэр жэщ-махуэ жамыIэу губгъуэм итт, фронтым Iутхэр ерыскъыкIэ кьызэрагъэпэщу. 1941 гъэм Къэхъуным гъавэ бэв кьыщагъакIащ икIи хэкIуэдыкIыныщэу кьрахьэлIэжри къэралым и гуэным иракIутащ. КьищыкэмыщIауэ, къэхъундэс куэд Къэрэгъэш и деж щIытIым щыIащ. Къуажэ Советым и тхьэмадэ Тхьэзэплъ Елдар зи унафэщIу Къэхъун икIа бригадэм фашист танкхэр кьызэтезыгъэувыIэ кIэнаугэхэр метриплI и бгъуагъэу, метрищ и куугъэшу кIэнаугэхэр, окопхэр, дотхэр, дзотхэр ди зауэлIхэм папщIэ Джылахьстэнеймэ щиухуащ. Гуащlэдзкl лэжьигъэм щыпэрытхэт Мамыкъу Къарэлъхъан, Нэзэр Лацэ, Берычэт Баблинэ, Нэщlэпыджэ ФатIимэт, Тхьэгъэлэдж Таун сымэ, нэгъуэщIхэри. Нэхъыбэу щылажьэр жэщрат, сыту жьыпIэмэ махуэм нэмыцэ къэхъьлъатэхэм лагъымхэр кьыхадзэрт, топкIэ кьаХуэрт.

Зауэм и пщIэдзэм Къэхъун жрат гупшхуэ кьэкIуащ,ебгъэрыкIуэ зэпыт фашистыдзэм зыщащхьумэу. Абыхэми, иужькIэ нэгъуэщI щыIэхэм кьикIа куэдым дэIэпыкъуныгъэ, псэупIэ, щыгъын, ерыскъы, пэжьыгъэ жыIэм щагъэуащ.

Бийр гъунэгъу кьыщыхъум, колхоз мылъкум и нэхъыбэр кьуршым зэпахырри Куржым (Грузием) щагъэпщкIуащ. Кьуажэ администрацэм и дэфтэрхэр зэуIу жыIри щIатIащ.

Ди щIыпIэм кьыщызэрагъэпэщ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр зы дивизэм кьыхэзгъэхэр мылъкукIи, шыкIи, цIыхукIи жьыдэжру хэтащ. Абы щыщ дзэхэм зыщагъасащ Къэхъун кьуажэм. 115-нэ шу дивизэм хэту лIыгъэ зэрахьэу Хэкур яхуэмащ Кьардэн Хьэмзэт, Къамбэчокъуэ Алий, Езий Кушыку, Берычэт Нурхьэлий, Лъэпщокъуэ Мухьэмэд, Джэтокъуэ Хьэжжьасым сымэ.

Нэмыщхэр кьуажэм дахужа иужькIэ къэхъундэсхэр аргуэру фронтым телажьэ хъуащ. Абыхэм даIыгъащ Тамбов колхозхэтхэм я жэрдэмэгъэ иткIи «Нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэм - ажал!» зысфащащ танк колоннэм мылъкушхуэ халъхьащ. Жыджэру абыхэм заемным Iэ традзащ, фронтым щыгъын хуабжэр, ерыскъыхэкIэр ирагъэщащ. Псоми къагурыIэрт ахэр текIуэныгъэм я хэлъхьэныгъэу зэрыщытыр, ди зауэлIхэм яIэрыхьэ дэтхэнэ зы дэIэпыкъуныгъэри биим шэуэ зэрытехуэр.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм Къэхъуным здиужьыкIащ. ЗэфIэгъэувэжа хъуащ колхозыр, кьызэIуахыжащ еджапIэр, амбулаторэр, пощтыр, тыкуэныр, нэгъуэщI Iэхъущlапlэхэр. Куэд дэмыкIыу кьэхъундэсхэм я цIэ республикэм къэралми щыIуащ. Арщхьэкlэ абыхэм я ехьулIэныгъэ нэхъыщхьэр щIар Жамборэ МуIэед и унафэм щIыпIэ хозяйствэр щыщIэта блыщI гъэхэращ. Кьапщтэмэ, 1970 гъэм екIуэкIа союзпсо зэхьэзэхуэм «Къэхъун» Iэщlгъэшхэ совхозым етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ. Илъэс дэкIри Урысей Федерацэм зэрыщыту пашэныгъэр щыубыдащ. 1973 гъэм аргуэру ехьулIэныгъэшхуэ кьэхъундэсхэм яIащ, урысейпсо зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр кьыщIэхьри. Абыхэм кьапкIуэу Жамборэ МуIэед Октябрь Революцэ, Гуащlэдзкl Бэракъ Плъыжь орденхэр кьыхуагъэфэщащ икIи «Къэхъун» совхозым РСФСР-м и Министрэм я Советымрэ профсоюзхэм я ЦК-мрэ я Бэракъ плъыжь зэIэпахыр 1972, 1973 гъэхэм кьаратащ.

Абыкlи кьыщыщэтеувыIакъым къэхъундэсхэр. 1974 гъэм ийа ехьулIэныгъэфIэхэм Iэмал кьитащ Совет Союзым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуэу КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министерствэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м Бэракъ плъыжь зэIэпахыр зыIэрагъэхьыну.Ебгъуанэ илъэситхум кьрикIуахэр кьапщытэжа иужькIэ, «Къэхъун» совхозым къэралым и фэеплъ дамыгъэрэ Бэракъ плъыжь зэIэпахрэ кьратри, СССР-м и ВДНХ-м и Союзпсо щIыхь пхъэбгъум иратхащ.

А лъэхъэнэм хиубыдащ Къэхъуным и зэIуэзэпщIыныгъэр. Ар зыкъомкIэ и фIыгъэщ уней лъапсэжэм помидорыр щыгъэкIыным щыгъэувыIэфхэр зэрыщыкIыгъэр. Абы кьыпыкI хуэныкъуэ иригъэфIэкIуащ къуажэдэсхэм я псэукIэр. КьищыкэмыщIауэ, совхозым и хьэхъкIэ Щэнхабзэмкlэ, уна зэ абрагъуэ, щыуэ зэтет школ, сабий сад яухуащ, псэрэ гаэрэ къуажэм кьыдашэри, унагъуэ къэс зэбграшыжащ.

Мылъкурэ псэупIэфхэм кьищынэмыщIауэ, къэхъундэсхэр кьулейщ цIыху щэджащэхэмкlэ. Я цIэ кьиIуэну иракIунщ цIыхубэ усакIуэ Хьэхъупащlэ Амырхъанрэ абы и къуэшыкIэпщынауэ Iэзэу щыта Хьэсэнэрэ, снайпер цIэрыцIэ Жамборэ Щэуал, зи гуащlэдзкl лэжьыгъэм игъэлъапIэхэу Нэщlэпыджэхэ ФатIимэт, КIэш Гуащэгъагъ, Мамыкъу Бэракъхъан, Жамборэ МуIэед, Кьардэгъущl Iэмырбэч, къулыкъу лъагэ яIыгъуу лэжьахэу Шыбзыхьуэ Чэлимэт, Берычэт Хьэжумар, Мэжэджыкъ Нухь, Кьандзхъу Мухьэрбий, Жыласэ Жыраслъэн, Езий Хьэжмурат, дохутыр Iэзэхэу Лъэпщокъуэхэ Бетlал, Мутlэлиб, Хьэжьысмел, Жэмыкъуэ Нэсабий, журналист цIэрыIуэ Нэщlэпыджэ Абрэхьим, щIэныгъэхэмкIэ докторхэу Къамбэчокъуэ Iэдэм, Джатокъуэ Олег, уэрэджыIакIуэ щэджащэхэу Къул ФатIимэ, Тхьэгъэлэджхэ Муратрэ Заурэ, нэгъуэщI куэдми.

Спортми увыпIэшхуэ щеубыд Къэхъун къуажэм. Абы щолажьэ зыхуей псомкIи кьызэгъэпэщауэ лIэужьыгъуэ зыбжанэм щыкуагъасэ спорт комлексышхуэ. «Къэхъун» футбол командэр республикэм и нэгъабрей чемпионщ.

Iумахуэщ Къэхъун къуажэр. Абы и цIэфIыр щигъэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми зэрыщыту.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Совет Союзым и Лыхъужь Байсултанов Алим и цIэр зезыхъэ школ №19-р.

Налшык и курыт школ №9-р.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Бжьыхьэ дыщафэ-2016

Пащты Герман и псалъэ.

КЪР-м и Лъэпкъ музейм шыщхьэуIум и 31-м къыщыдзэIуахащ «2016 гъэм и бжьыхьэ» отчёт гъэлъэгъуэныгъэмрэ музейм и фондым къыхаха «Республикэм и саугъэтхэр» выставкэмрэ. Аэрэ ирагъэхьэлIащ. Къэбэрдейр. Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 459-рэ, республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр илъэс 95-рэ щрикъум. Зэхыхьэр иригъэкIуэкIащ КЪР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс.

- ХабЗЭ дахэ хъуауэ, республикэм и Къаралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу художественнэ гъэлъэгъуэныгъэ щхьэпэхэр къызэрызэIуахыр гуапэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм сынывохъуэхъу узынщагъэрэ мамыригъэрэ фыщымыщIэну, ди щыналъэр ефIэкIуэну, зиужьыну. СурэтыщIхэм ехъулIэныгъэрэ дрэжэгъуэрэ Тхьэм къывит, - жиIащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъу Владимир** гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихым.

КЪР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** къызэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуауэ икIи и псалъэм къыхигъэщащ гъэ къэс къызэрызэIуахыр. Республикэм и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу ди щыналъэм и щIыуэпсым и хьелэгъымрэ и дахагъымрэ кьищу утыку кърахьа сурэт тельыджэхэр зымылъэгъуахэм куэд яфIокIуэд. Зэжьыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэхьэкIи къагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и щIыуэпсымрэ хуаIэ лъагъуныгъэ иныр. А сурэтхэр щыхьэт тохъуэ республикэм и щIыуэпсыр гъэм и сыт хуэдэ зэманми, махуэми, жэщми зэрыдахэм. Псом хуэмыдэу художникхэм къагъэльэгъуащ бжьыхьэ дыщафэм и курыкъыр эльэпащI хъун зэрыщIымыIэр. А дахагъэхэр щIэблэр щIэпIыкIын зэрыхуейр.

КЪР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыхигъэщащ Республикэм и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу ди щыналъэм и щIыуэпсым и хуиреигъымрэ и дахагъымрэ къызэрыщ сурэт телIыджэхэр утыку къызэрызрырахьар.

- Ди сурэтыщIхэм къагъэщI дахагъэм цIыхупсэр зэригъэгуфIэм, дэрэжэгъуэ ин зэрыратым фIыуэ сыщыгъуаэзщ, - жиIащ министрым. - Дахагъэр кууэ зыхъэзыщIэ сурэтыщIхэмкIэ ди республикэр зэрыкъулейм дегъэгуфIэри, узынщагъэ, ехъулIэныгъэ яIэну сохъуэхъу.

КЪР-м и цIыхубэ усакIуэ, Тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъэхэр хъуумэмкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм УФ-м щиIэ щIыналъэ къудамэм (ВООПИК) и унафэщI **Созаев Ахьмэт** УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт скульптор **ТхьэкIумашэ Михаил** иритащ я Iэхъуцlапlэм къыбгъэдэкI медалыр. Тхьэкlумашэм къыхигъэщащ узыгъэгупсысэ сурэт щIэщыгъуэ куэд мы гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхагъэхьар.

Республикэм и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу ди щыналъэм и щIыуэпсым и хьелэгъымрэ и дахагъымрэ кьищу утыку кърахьа сурэт телъыджэхэр зымылъэгъуахэм куэд яфIокIуэд. Зэжьыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэхьэки къагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и щIыуэпсымрэ хуаIэ лъагъуныгъэ иныр. А сурэтхэр щыхьэт тохъуэ республикэм и щIыуэпсыр гъэм и сыт хуэдэ зэманми, махуэми, жэщми зэрыдахэм. Псом хуэмыдэу художникхэм къагъэльэгъуащ бжьыхьэ дыщафэм и курыкъыр эльэпащI хъун зэрыщIымыIэр. А дахагъэхэр щIэблэр щIэпIыкIын зэрыхуейр.

Сурэтхэм къадэкIуэу мы гъэлъэгъуэныгъэм увыпIэфI щаубыдащ скульптурэхэм, декоративно-прикладной гъуазджэм и Iэпщlэльапщlэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа, лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм. Ар адыгэхэм зэрахьэу щыта Iэщэ-фащэхэрщ, дыжьын бгырыпхэрщ, бгъэлъапIэхэрщ, къагъэсэбэпа нэгъуэщI хъэпшыпхэрщ, арджэнхэрщ. Дыщэ IуданэкIэ хэдыкIа, дыщэидзэ щIа къэлэтмакъэхэм, хъыджэбз хьэпшыпхэм кьпгъуэзIуах лъэпкъым къыдэгъэгурыкIуэ тхыпхъэхэм я дахагъэр. Апхуэдэхэщ Дубовик В., Мэстафэ Вячеслав, Юзбашевэ Гаджи-Абакаррэ Мурадрэ, Галинский Ярослав сымэ я лэжьыгъэхэр. Абыхэм кьыхощ адыгэм и блэкIар, и тхыдэ гъуэгуанэр, и щэнхабзэ, гъуаздджэ хъугъуэфIыгъуэр.

КЪР-м и СурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэм и отчёт гъэлъэгъуэныгъэм халъхьащ Пащты зэадзэзэкъуэхэу Гермавнрэ Пащты-Хъан Алимрэ, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Тхьэзэпlъыж Руслан, Индрис зэадзэзкъуэзкъу Залымхьанрэ Темботрэ, Темыркъан Геннадий, Шэшэн Юрий, Жылэ зэадзэзкъуэхэу Анатолэрэ Къантемыррэ, Атэбий Хьэлимэ, Зэхъуэхъу Валерий, Конин Анатолий, Кочергин Владимир, Хэжь Алик, Аккорбэ из Сиярэ, Ащхъуэт Михаил сымэ, нэгъуэщIхэми шэрджэс зауэлIхэм, адыгэ пщащхэм, нарт эпосым кьыхощ лIыхъужьхэм, Iуащхьэмахуэ трауха суратхэр, Мэзло Руслан, Мэкъуауэ-Текlуий Динэ сымэ я арджэнхэр. Выставкэм и курыкупсэм щагъэзащI республикэм и сурэтыщIхэм гипскIэ ящIа скульптурэхэр. Апхуэдэхэщ ЛIуп Хьэсэн и «Бгырыс», Тхьэкlумашэ Михаил и «Кореев Темыркъан и сурэтыр», Катони Станислав и «Олимп чемпион цIэрыпIуэ Къардэн Мурат и сурэтыр», Тхьэкlумашэхэ Михаилрэ Зауррэ, Пак Галинэ, Шэрджес Тlахьир, Гъэлапщэ Арсен сымэ, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр.

Гуапэщ Сирием кьиIэпхъуэкIыжа ди лъэпкъэгъу зыбжанэм я лэжьыгъэхэри мы гъэлъэгъуэныгъэм утыку къызэрыщыдахьар. Къызэхуэсахэм ягу дихьащ Шаркас-Аметжан Мухъуасин пхъэм кьыхощIыкIа и скульптурэхэр, Хьэтхъуэ-Исмэхьил Марианнэ и блын алэрыбгъухэр, Соснакъ Мухьэмэд адыгэ цIыкIуэ, цIыхубэ фащэхэр зэрагъэдахэ и хьэпшыпхэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и саугъэтхэр» гъэлъэгъуэныгъэм хьыкIуэ музейм и пэш щхьэхуэм утыку кьыщрахьащ республикэм и хьэщIэхэм, политикэ лэжьакIуэхэм кьабгъэдэкIа, фэеплъ саугъэт хъуа гъуаздджэм и хьэпшыпхэр.

Выставкэхэм зрагъэхьэлIащ республикэм и сурэтыщIхэм, гъуазджэр фIыуэ зыльъагъуэхэм, кьалэм и хьэщIэхэм. Гъэлъэгъуэныгъэхэр фокIадэм и кIэух пщIондэ екIуэкIынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** трихащ.

Унагъуэ сурэтхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ. СурэтыщI гъуаздджэхэмкIэ музейм, хабзэ дахэ хъуауэ «Налшык. Лъагъуныгъэм и тхыдэ... Унагъуэ альбом» сурэт гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэ илъэс къэс къыщIэзэрагъэпэщ.

НАЛШЫК щIыпIэ администрацэмрэ къалащхьэм щэнхабзэмкIэ и къудамэмрэ я жэрдэмкIэ къызэра-гъэпэща выставкэм утыку кьыщрахьа сурэтхэм ущеплъкIэ, абы и цIыхуэхэм я зэманым ухашэ. Налшыкдэсхэм я унагъуэ сурэтылъэхэм кьыдахыжа, пасэ зэманым траха сурэтхэм а лъэхъэнэм и «хьэлыр» кьытоущ.

Унагъуэ дахэ, сабий гуфIэрирэ, адыгэ фащэкIэ хуэпа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, кьалэ уэрамхэр, унэшхуэхэр... Налшык и блэкIар нэгум щIокI.

КЪР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэIущIэр къыщыдзэIуихым, выставкэр игу зэрырихьар кьыхигъэщащ.

- Дэгъэнэ сурэтри Налшык и тхыдэм и Iыхьэщ. Абыхэм кьалэр зэрызэфIэувар дагъэлъагъу, лъэхъэнэ жыжьэм дыхагъэплъэж. Республикэм и кьалащхьэр ухуэным я зэфIэкI халъхьащ абы кьытещIжхэм, ахэр нобэ кьытхэмытыжми, псэкIэ щIыгъуу псоми фIыуэ тльагъу кьалэм и махуэр кьыддагъэльапIэ. Фэри гу лъыфтауэ кьыщIэкIынщ гъэ къэскIэ Налшык нэхъ дахэ зэрыхьум, ауэ псом хуэмыдэу ар зыгъэдахэр абы фIыльагъуныгъэ хузиIэ цIыхухэрщ, и зыужьныныгъэм зи гуащIэ хэзыльхьэхэрщ. Нобэ ди кьалащхьэр езыгъэфIакIуэхэр дгъэкIэ кьыдэгъэгъэпэщыну гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтыну дыщогугъ. Сыныводхъуэхъу махуэшхуэмкIэ, ди республикэм щIыпсэу дэтхэнэ унагъуэрэ гурыфIэгъуэрэ насыпрэ щымыщIэу псэуну си гуапэщ, - захуигъэзащ Къумахуэм кьыззхуэсахэм.

УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Кабардино-Балкарская правда» газетым щылажьэ **Моттаевэ Светланэ** республикэм щыпсэухэм яхуэзгъэза къызхъуькIэ кьыщIидзащ.

- «ГъащIэм зэ фриплъэжьыну фыхуеймэ, унагъуэ сурэтылъэр фэ къэфщтэж» уэрэд цIэрыIуэм хэт псалъэхэр сиГу кьигъэкIыжащ мы выставкэм. Сыхуейщ ди кьалэм и пщIэм, и щIыкьым хэхъуэ зэпыту, сабийри балигъри дригушхуэу и тхыдэм иджыри куэдрэ кьыхупищну. Ди адэжьхэм я лъэужь дахэм пызыщэфын щIэблэ кьытщIэхьэну Тхьэм сольэIу, - жиIащ Моттаевэм.

Налшык кьалэ и сурэтыщI нэхъыщхьэ **Дедегкаев Ким** къыщыпсалъэм гъэлъэгъуэныгъэм ныбжьыщIэ нэхъыбэ къеклуэлIэну, сурэтхэм кьатещыж нэкIу дахэхэр ялъагъуну зэригуапэр кьыхигъэщащ, лъэхъэнэм и Iэужь кьызытещыж сурэтхэм щIэблэр щIэпIыкIыну зэрыфIэмгъэр, апхуэдэ выставкэхэр щIэх-щIэхьыгъэ кьызэгъэпэщыным и мыхьэнэр зэрыльагъэм тепсэлъыхьащ.

КЪР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий** ди республикэм щыпсэу псоми ЗэдаI махуэшхуэмкIэ ехъуэхъурэ, илъэс къэс гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнэхэр кьызэрызэрагъэпэщым папщIэ Налшык кьалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Токъуий Мадинэрэ Дедегкаев Кимрэ фIыщIэ яхуищащ.

КЪР-м и Къэралыгъуэм, Налшык кьалэм я махуэхэм ирихьэлIэу кьызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм гукъыдэж зиIэ псори иджыри еплъ хъунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къумахуэ Мухьэдин

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Нефтехимик» (Нижнекамск) - 3:2 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 3-м. ЦIыху 2500-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Волошин (Смоленск), Деушев, Сафьян (тIури Мэзкуу щыщщ);

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мурачёв, Семёнов, Соблир (Кузнецов, 82), Дашаев, Дроздов, Мухьэммэд (Ахьядов, 63), Войнов (Крамаренкэ, 74), Ахриев (Мэкъуауэ, 86), Гугуев, Бажэ.

«Нефтехимик»: Самохвалов, Кобахидзе (Духнов, 46), Морозов, Сурков, Кивэ (Бабырь, 27), Васильев, Маляко, Корнилов, Замалиев, Галиакберов, Матяш (Бойчук, 62; Соболев, 74).

Топхэр дагъэкIащ; Бажэм, 14 (1:0), Галиакберовым, 18 (1:1), Ахриевым, 55 (2:1), Галиакберовым, 68 (2:2), Ахриевым, 70 (3:2).

Дагъуэ къыхуащIащ Бажэмрэ Замалиевымрэ.

«СПАРТАК-Налшыкым» мы зэIущIэр хуабжьу вжьджэру кьыщIидзащ. Джэгугъуэ блэкIам я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуащхьэхъумитIым фэбжь зэрагъуэтар икIэщIыпIэкIэ кьигъэсэбэпыну ар хущIэкъуащ. Мурадыр лъабжьэншэу кьыщIэкIакъым икIи епщыкIутхуанэ дакъикъэм бжьыгъэ кьызэIуха хъуащ. Пэжщ, ар зи зэраныр «Нефтехимик»-м и гъуащхьэтетащ. Метр 35-рэ хуэдизкIэ пэжьижьэу Бажэ Амир штафнойр щигъэзащIэм, куэдым я гугъакъым ар гъэзэ занщIэу ещанэу. Апхуэдэу кьыщыдзауащ хьэщIэхэм я гъуащхьэтетми икIи топыр зыIэщIигъэкIащ.

Арщхьэкlэ япэ екъуалIэныгъэм налшыкдэсхэр куэд- рэ щагъэзугфыкIакъым. ДакъикъиплI нэхъ дэмыкIыу Галиакберовым бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ.

Зэрырагъэжьа щыкIэм тету «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм джэгум адэкIэ пащащ. Япэ ищыну абыхэм Iэмал хъарзынэхэр кьахучъуэкIырт. Псом хуэмыдэу жьыджэрт Войнов Денисрэ Гугуев Магомедрэ. Арщхьэкlэ топыр хьэщIэхэм я гъуэм етIуанэу щыдэкIар загъэпсэкуу кьихьэжа иужькIащ. Фабжь игъэзту иджыри зы гъуащхьэхъумэ зыфIэкIуэда нижнекамскдэсхэм ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр яхуэзтемыIыгъэжьхэз хъуащ. 55-нэ дакъикъэм Дашаевыр щхьэкIэ зэуа топым «Нефтехимик»-м и гъуащхьэтетым ерагъкIэ кьригъэгъэзащ, ауэ абы япэу Ахриевыр нэсри «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ 2016-2017 гъэхэм япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхэуэм япэу, епщыкIуэанэ джэгугъуэм, зы топ нэхъро нэхъыбэ зы зэIущIэм налшыкдэсхэм щыхудагъэкIащ. Ар екъуалIэныгъэт, ауэ абыкIэ Iуэхур зэфIэмыкIауэ ящыщIидзыжащ икIи топитIри текIуэныгъэм хурикъуакъым. Дакъикъэ пщыкIущ дэкIауэ арат Галиакберовым аргуэру бжьыгъэ зэхуэдэ щищIыжам.

Апхуэдэу Iуэхур кьыззрекIэрэхъуэкIам «Спартак-Налшыкыр» хуабжьу игъэгубжьащ. КъыкIэлъыкIуэ ебгъэрыкIуэныгъэхэм я насып кьыщикIащ икIи Ахриевым мы зэIущIэм етIуанэ топри щыдигъэкIри, хэгъэрейхэм текIуэныгъэр кьахуихьащ.

Мы зэIущIэм топу щыдагъэкIар ирикъуну кьалъытэри, налшыкдэсхэр икIуэгъэжащ. Иужь дакъикъэхэм ахэр нэхъыбэу зыхущIэкъуар я гъуэр зэращIу мэнрыщ. Ар абыхэм яхуэзфIэкIащ икIи текIуэныгъэр 3:2-уэ зыIэрагъэхьэри, епщIанэ увыпIэм нэсдэкIуэтеащ.

Зэхьэзэхуэм щиIыгъ бжьыгъэр игъэбыдащ Мэзкуу и «Динамо»-м. Тамбов кьащIэм щыIэу ар хэгъэрейхэм ефIэкIащ. Мэзкуудэсхэм зыкъыкIэрамыгъэхуну хущIокъу ди лъахэгъу Абазэ Руслан зи гъуащхьэхъумэ «Тосно»-р. «Динамо»-м теклуэу игъэзэжа иужькIэ Ленинград областым и командзм Калиниград кьикIа «Балтика»-р бжьыгъэхэр зэхигъэщIащ.

Хьэлэмэтащ Мэзкуу и «Спартак»-мрэ Санкт-Петербург и «Зенит»-мрэ я етIуанэ командзхэм кьалащхьэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэри. Абы хэгъэрейхэр бжьыгъэшхуэкIэ щытекIуащ икIи турнир таблицэм и ещанэ увыпIэм дэкIуэтеащ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Русиер Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым иужьу щызэхэта зэIущIэхэм кьарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Химки»** (Химки) - **«Тюмень»** (Тюмень) - **3:2**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Енисей»** (Красноярск) - **1:0**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Шинник»** (Ярославль) - **1:1**, **«Мордовия»** (Саранск) - **«Сокол»** (Саратов) - **0:0**, **«Тамбов»** (Тамбов) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **1:2**, **«Тосно»** (Тосно) - **«Балтика»** (Калининград) - **4:1**, **«Волгарь»** (Астрахань) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **3:2**, **«Кубань»** (Краснодар) - **«Факел»** (Воронеж) - **0:0**, **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Зенит-2»** (Санкт-Петербург) - **4:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэри «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. ФокIадэм и 10-м абы кьыригъэблэгъэнущ Владивосток и «Луч-Энергия»-р.

ЖЬILАСЭ Заурбэч.

● Футбол

Гъуащхьауэхэр къызэрокI

Сурэтыр **Къарей Элинэ** трихащ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командзхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Динамо»	11	8	2	1	22-8	26
2.	«Тосно»	11	7	3	1	17-8	24
3.	«Спартак-2»	11	6	2	3	20-11	20
4.	«Волгарь»	11	6	1	4	15-14	19
5.	«Факел»	11	5	4	2	15-9	19
6.	«Зенит-2»	11	5	4	2	14-11	19
7.	«СКА-Хабаровск»	11	4	5	2	13-11	17
8.	«Шинник»	11	4	4	3	13-8	16
9.	«Енисей»	11	4	2	5	7-12	14
10.	«Спартак-Налшык»	11	3	5	3	9-9	14
11.	«Сибирь»	11	2	7	2	9-9	13
12.	«Нефтехимик»	10	3	3	4	9-16	12
13.	«Кубань»	11	2	6	3	11-12	12
14.	«Мордовия»	11	3	2	6	11-11	11
15.	«Тюмень»	11	3	2	6	10-16	11
16.	«Химки»	11	2	5	4	10-16	11
17.	«Балтика»	11	2	4	5	7-12	10
18.	«Тамбов»	11	2	4	5	9-13	10
19.	«Сокол»	11	1	6	4	10-13	9
20.	«Луч-Энергия»	11	1	3	7	8-17	6

Сом мелуани 2,5-м щIигъу идыгъуат

Урысей ФСИН-м и Iухущlапlэу КЪР-м щыIэм и СИЗО-1-м и бухгалтерием и экономисту лэжьам теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ. ХабзэншагъэкIэ ахъшэшхуэ зыIэригъэхьауэ ар кьыщIагъэщащ.

IУЭХУГЪУЭХЭР щрагъэкIуэкIым яубзыхуащ СИЗО-1-м щылажьэхэм я улахуэр, нэгъуэщIу ират ахъшэр кьыщибжкIэ, и кьулыкъур кьигъэсэбэпурэ зэман кIыхькIэ реестрхэм нэпцI куэд абы зэрыритхар. Идыгъуар а цIыхубзым игъакIуэрт езым, и Iыхьлы гъунэгъуэхэм я банк картэхэм. Апхуэдэ щыкIэкIэ зыкIэщIиупщащ сом мелуани 2,5-м щIигъу.

Налшык кьалэ судым и унафэкIэ СИЗО-1-м и лэжьакIуэр а щIэпхъаджагъэр зэрилажьамкIэ кьуанщIу кьалъытащ икIи условнэу илъэси 3 тралъхащ.

ЗЭБАР Мадинэ,

Урысей ФСИН-м и Iуэхущlапlэу КЪР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● КЪР-м и прокуратурэм

Щыхэплъэн щхьэкIэ

КЪР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ 1962 гъэм кьалъхуа Атэлыкъ Аслъэн хуэгъэзауэ къызэIуаха уголовнэ IуэхуэмкIэ тхылъым. Ар игъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 119-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ зэрилэжьам папщIэ (организацэм итын хуей налогыгу куэд дыдэ зэрыщIихъумам кьыхэкIыу).

КЪЫЗЭРАХУТАМКIэ, «Бион-Алко» акционер обществэ зэхуэщIам и унафэщIу щыщытам, 2011 - 2013 гъэхэм фадэхэкIыу, нэгъуэщI мылъку хьэпшып IыапIэу ящам дыщIагъуэ уасэм техьэ налогым теуухуа хъыбар нэпцIкIэ декларацэхэм кьыщигъэльагъуэурэ, сом мелуани 131,5-рэ щIиуфащ. Ар бжьыгъэшхуэ дыдэу кьалъытэ.

ЗэрагъэкIуаншэ тхылъыр кьащта нэужь, щыхэплъэн щхьэкIэ, уголовнэ Iуэхур Налшык кьалэ судым ягъэхьащ.

Егугъуу къызэрагъэпэщ

КЪР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрий бадзэуэгъуэм и 25-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм щызэпкърахащ я Iуэхущlапlэм и уголовнэ-суд кьудамэм илъэс ныкъуэм зэфIигъэкIар.

КЪЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКIэ, цIыху 1836-м яхуэгъэзауэ щыпIэ судэзр зыхэплъа уголовнэ Iуэху 167-м прокурохэр хэтыныр процентищкIэ кьызэрагъэпэщащ. Уголовнэ Iуэху 1644-м я кIуэ унафэхэр кьыщащтэм прокурохэр хэтащ. Iуэху 544-р зэзыгъэкIуэ хеящIэкъым. 1099-р федеральнэ зэхущIэм зэхэгъэкIащ.

ЦIыху 1134-м яхуэгъэза Iуэху 1075-м хэхауэ (гъэкIащIауэ) хэплъащ. Ар кIуэхуэ кьащта суд унафэхэм я процент 65,3-рэ мэхъу. ЦIыху 221-м яхуэгъэза уголовнэ Iуэхуу, зэрытхъэусыхэж, суд унафэ тхылъу 221-рэ, апхуэдэу цIыху 239-м я тезырхэр зэрыпрахьэкIыну щыкIэм теухуа унафэу 232-рэ апелляцэ судым щызэпкърахащ.

Прокурор кIэлъыплъыныгъэм и актхэмкIэ суд унафэу 120-рэ якъутэжащ икIи зэрахъэкIыжащ. Ар апелляцэ судым процент 83-рэ щохъу.

Зэрытхъэусыхэжа тхылъ 17-м ящыщу 16-м кассацэ Iуэхущlапlэм и судым щызэплъатри, арэзы щытехъуащ.

Зэ1ущIэм щагъэбелджылащ судхэр зыхэплъэ уголовнэ Iуэхуэм прокурорхэр зэрыхэтыр егъэфIэкIуэныгъэ лэжьыпхъэхэр.

КЪР-м и прокуратурэм и и пресс-Iуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КЪР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьаныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КЪР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыпсэу Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1405

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхьитIыкI Аэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэ.**